*S. Orazımbetov, S. Esemuratov, P. Mırzambetov*

# G'A'REZSİZLİK DA'WİRINDE DENE TA'RBİYASI HA'M SPORT JETISKENLİKLERİNİN' TARİYXINAN

*(metodikalıq qollanba)*



NO'KİS-2014

O'ZBEKSTAN RESPUBLİKASI
XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A'JİNİYaZ atındag'ı NO'KİS MA'MLEKETLİK
PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI

*S. Orazımbetov, S. Esemuratov, P. Mırzambetov*

# G'A'REZSİZLİK DA'WİRINDE DENE TA'RBİYASI HA'M SPORT JETISKENLİKLERİNİN' TARİYXINAN

*(metodikalıq qollanba)*

NO'KİS-2014

*Du'ziwshiler: S. Orazımbetov, S. Esemuratov, P. Mırzambetov*

Usınılıp otırg'an metodikalıq qollanbada g'a'rezsilikten keyingi jıllarda Respublikalıq dene ta'rbiyası ma'deniyatı ha'reketinin' salmaqlı tarawlarına ulıwma orta bilim beriw mektepleri, joqarı ha'm orta arnawlı bilim beriw orınları (litsey, kolledj ha'm t.b) sportshı oqıwshı jasları ha'm talabalardın' du'nya ju'zlik masshtabtag'ı olimpiada oyınları ha'm respublikalıq ko'lemdegi o'tkerilip atırg'an ha'r tu'rli sport jarıslarına tayarlıg'ı ha'm qatnasıwı haqqında ken' tu'rde mag'lıwmatlar beriledi.

Qollanbada O'zbekstan Respublikasının' dene ta'rbiyası ha'm sporttın' g'a'rezsizlikten son'g'ı rawajlanıw tariyxı, jetiskenlikleri ashıp berilgen, maqset ha'm wazıypaları ken' qoyılg'an.

**JUWAPLI REDAKTOR**

***P.Sh.Shılmanov*** - A'jiniyaz atındag'ı No'kis ma'mleketlik pedagogikalıq institutının' oqıtıwshısı, pedagogika ilimlerinin' kandidatı, dotsent.

**PİKİR BİLDİRİWShİLER:**

1. ***B. Kayıpov*** - A'jiniyaz atındag'ı No'kis ma'mleketlik pedagogikalıq institutı dene ta'rbiyası teoriyası ha'm a'meliyatı kafedrasının' u'lken oqıtıwshısı, pedagogika ilimlerinin' kandidatı

2. ***P. Ospanov*** - A'jiniyaz atındag'ı No'kis ma'mleketlik pedagogikalıq institutı dene ta'rbiyası teoriyası ha'm a'meliyatı kafedrasının' u'lken oqıtıwshısı, biologiya ilimlerinin' kandidatı.

**Metodikalıq qollanba A'jiniyaz atındag'ı No'kis ma'mleketlik pedagogikalıq institutı Oqıw-metodikalıq Ken'esi qararı (28-noyavbr' 2011-jılg'ı №3) menen baspadan shıg'arıwg'a usınılg'an.**



## *So'z bası*

Ma'mleketimizde bilimlendiriw tarawında tu'pkilikli reformalardın' a'melge asırılıwı dene ta'rbiyası ha'm sport ha'reketlerin ja'ne de rawajlandırıw ma'selesinde de o'z sa'wleleniwin taptı. Bul o'z gezeginde jaslardın' fizikalıq jaqtan jetik, sawatlı, ruwxıy-ag'artıwshılıq ma'deniyatının' bayıwına xızmet etpekte.

O'zbekstan respublikasının' g'a'rezsizlikke erisiwi ma'mleketimizde dene ta'rbiyası ha'm sporttın' rawajlanıwı ushın jan'a jollardı ashıp berdi.

1992-jılı 14-yanvardag'ı «Dene ta'rbiyası ha'm sport» haqqındag'ı nızamı respublikamızda jasawshı xalıqlardın' salamatlılıg'ın bekkemlew, olardın' dene ta'rbiyası ha'm sport penen shug'ıllanıwına jan'a sharayatlar jaratılıwına tu'rtki boldı. G'a'rezsizliktin' da'slepki jıllarınan baslap ha'r bir sport tu'rine ayrıqsha a'hmiyet qaratıldı. Prezidentimizdin' tikkeley basshılıg'ında xalıq aralıq sport da'rejesine jetisiw ushın ko'plegen qarar pa'rmanlar qabıl etildi. Bulardın' barlıg'ı o'z na'tiyjesin tez-arada berdi. Sportshılarımızdın' xalıq aralıq arenada tabıslı qatnasıwı bunın' ayqın da'liyli bola aladı. Ha'r bir walayat oqıw orınlarında salıng'an sport qurılısları halqımızdın' densawlıg'ın bekkemlewge ayrıqsha ta'sir jasaydı. elimizdin' rawajlanıwı ha'r qıylı tarawlarda jetiskenliklerge erisiwi g'a'rezsizliktin' arqasında bolıp atırg'anlıg'ı so'zsiz.

# O'ZBEKSTAN G'A'REZSİZLİK DA'WİRİNDE DENE TA'RBİYASI HA'M SPORT JETİSKENLİKLERİNİN' TARIYXINAN

## 1.1. O'ZBEKSTAN RESPUBLIKASININ' «DENE TA'RBIYASI HA'M SPORT HAQQINDA»G'I NIZAMI HA'M HU'KIMETININ' QARARLARI

O'zbekstan Respublikasında «Kadrlar tayarlawdın' milliy bag'darlaması», «Bilimlendiriw haqqındag'ı» Nızamnın' qabıl etiliwi bilimlendiriw tarawında islewshi barlıq xızmetkerlerdin' aldına u'lken wazıypalardı ju'kledi. Sonlıqtan da, ma'mleketimizde bilimlendiriw tarawında tu'pkilikli reformalardın' a'melge asırılıwı dene ta'rbiyası ha'm sport ha'reketlerin ja'ne de rawajlandırıw ma'selesinde de o'z sa'wleleniwin taptı. Bul o'z gezeginde jaslardın' fizikalıq jaqtan jetik, ruwxıy-ag'artıwshılıq ma'deniyatının' bayıwına xızmet etpekte.

Ba'rshege ma'lim, O'zbekstan Respublikasının' Prezidenti İslam Karimovtın' 1991-jıl 31-avgusttag'ı pa'rmanına tiykarlanıp, O'zbekstan g'a'rezsiz respublika dep ra'smiy tu'rde ja'riyalandı. Sol sebepten 1991-jıl 1-sentyabr'de ulıwma xalıqlıq bayram, yag'nıy g'a'rezsizlik ku'ni dep bayram sıpatında u'lken saltanatlı bayram sho'lkemlestirildi. Ha'r jılı 31-avgust ha'm 1-sentyabr ku'ni pu'tkil o'zbek xalqı bul u'lken bayramdı joqarı ko'terin'kilik penen o'tkerip kelmekte. Bunday ullı ku'ndi ma'mleketimizdegi barlıq milletler de o'zinin' quwanıshlı bayramı dep biledi.

G'a'rezsizlik, erkin pikir ju'ritiw, a'dalat ha'm ten' huquqlılıq xalqımızg'a jan'a baxıt keltirdi. Bunda, dene ma'deniyatı ha'm sport ha'reketi de o'zinin' haqılı tu'rde milliy da'rejesine iye boldı.

Respublikanın' ekonomikalıq, siyasiy, ma'deniy ha'm ja'miyetlik potentsialında dene ma'deniyatı ha'm sport o'z ornı ha'm a'hmiyetine iye. Bunda, Prezidentimiz İslam Karimov ha'm hu'kimetimizdin' g'amxorlıg'ı, itibarına sazawar boldı.

O'zbekstan Respublikasının' Prezidenti g'a'rezsizlikke erisiw ha'm onın' negizinde xalıq salamatlıg'ının' ju'da' za'ru'rligi ha'm og'an iye bolıw jolların u'lken ko'terin'kilik penen atap o'tkenindey, «Bizin' ata-babalarımız bir-biri menen ushırasqanda yamasa xoshlasqanda, aldı menen shın kewilden salamatlıq tilegen. Ana jerimizdin' palwanları ha'm batırların mehir menen ta'rbiyalap kelmekte. Bu'gingi ku'nde barlıq jerde sporttın' barlıq tu'rleri qayta tiklenbekte... o'zinin' salamatlıg'ı tuwralı jeke g'amxorlıq etip barıw ma'deniyatın jaslıqtan, mektep, ma'ha'lle, densawlıqtı saqlaw orayı, dene ta'rbiyası ha'm sporttın' ko'meginde ele de en jaydırıw kerek».



Aytıp o'tiw kerek, g'a'rezsiz O'zbekstannın' dene ma'deniyatı ha'm sporttı ja'ne de rawajlandırıwg'a tiykar bolıwshı en' za'ru'r jıyınlar o'tkerilmekte. O'zbekstan Respublikasının' «Fizikalıq ta'rbiya ha'm sport haqqında»g'ı Nızamı (1992-jıl 14-yanvar) pu'tkil xalıqlıq densawlıqtı bekkemlew, olardın' dene ta'rbiyası ha'm sport penen shug'ıllanıwlarına sha'rt-sha'rayatlar jaratıp beriwdi kepillikke aladı. Bul Nızam 2000-jılda jan'alang'an tu'rde qayta qabıl etildi.

Sol Nızamg'a muwapıq, «Mektepke shekemgi balalar ta'rbiyası ma'kemeleri ha'm oqıw orınları ha'r jılı keminde bir ma'rte mektepke shekemgi jastag'ı balalardın', oqıwshı jaslardın' fizikalıq tayarlıq da'rejesin meditsinalıq ko'rikten o'tkeriwi belgilep qoyıldı. Bunnan tısqarı nızamda ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde, basqa oqıw orınlarında dene ta'rbiyası boyınsha imtixanlar o'tkeriledi»-dep ko'rsetilgen. Bul bolsa, oqıwshı jaslardın' salamatlıg'ın bekkemlew, fizikalıq qa'biletin asırıw, olardı miynet ha'm ja'miyetlik jumıslarda qa'biletliligin ta'rbiyalawg'a qaratılg'an. Bunday imkaniyat ha'm talaplardı ha'r bir oqıwshı jaslar o'z aqılı menen tu'siniwi, g'a'rezsiz O'zbekstannın', tiykarınan o'z u'lesin qosıw ushın bar imkaniyatın iske salıw, o'z wazıypaların joqarı da'rejede o'tew kerek. Ba'rshemizge ma'lim, Respublika «Oliy Kengashining» sessiyasında (1992-jıl iyul, 1996-jıl 29-avgust), «Ta'lim haqqında»g'ı Nızamı qabıl etilip, onda ta'lim alıwshılardın' salamatlıg'ın qorg'aw ha'm bekkemlewdi ko'rsetiwshi sha'rt-sharayatlar jaratıw, oqıw, miynet islew, dem alıw ushın ta'lim beriw mekemeleri juwapker dep atalg'an. Bul eki nızamnın' mazmunı ha'm a'hmiyeti, o'z-ara birgelesip, dene ta'rbiyası ha'm sporttı rawajlandırıwg'a qaratılg'an.

Oqıwshı jaslardın' ta'lim alıw ha'm olardı barqulla salamat bolıwın ma'mleket nızamları menen qorg'aw, bolajaq qa'nigelerdin' ayqın keleshegin ta'miyinlew dep qısqasha atap o'tiw kerek. Sol sebepten barlıq oqıwshı jaslar qay jerde ta'lim alıwına qaramastan, olarg'a berilgen imkaniyatlardan paydalanıw, fizikalıq jetiskenlikti ta'miyinlew, onın' siyasıy a'hmyetin ja'ne de ko'teriw, onı ilajı barınsha, insan o'mirindegi u'lken sebepshi ekenligin keleshek a'wladqa miyras etip qaldırıw kerek.

Sol sebepten, respublikada sporttı rawajlandırıwdın' tiykarg'ı sebeplerinin' jag'dayı ha'm onı rawajlandırıw jag'daylarınan xabardar bolıw - za'ru'r wazıypalardan biri.

G'a'rezsizliktin' da'slepki jıllarında O'zbekstannın' dene ma'deniyatı ha'm sport jetiskenliklerinin' bazı bir ko'rsetkishleri to'mendegilerden ibarat.

Respublikadag'ı 14577 dene ma'deniyatı oraylarında 5 mln 549 mın' 908 adam shug'ıllanadı. Sol tiykardan, 64 joqarı oqıw ornında 134977 adam, 225 orta arnawlı oqıw

orınlarında 147664 adam, 449 ka'sip-o'ner texnika bilim jurtlarında 211061 adam, 8302 mekteplerde bolsa 4 mln 510 mın' 403 oqıwshı dene ta'rbiyası ha'm sport penen shug'ıllanadı. O'zbekstandag'ı islep shıg'arıw ka'rxanalarının' 5545 i baslawısh dene ma'deniyatı sho'lkemleri ha'm 60 tan artıq sport klubları bolıp, olarda 543946 adam birgelikli tu'rde sport tu'rlerinin' salamatlastırıw shınıg'ıwları menen shug'ıllanadı. O'tken ken'es hu'kimeti da'wirinde islep shıg'arılg'an ha'm tastıyıqlang'an, miynet ha'm qorg'anıwg'a tayar **(MQT-GTO)** kompleksi o'zinin' mazmunının' za'ru'rligi ha'm xızmetinin' qansha waqıtqa shekem o'z ku'shin saqlap keldi. Keyingi waqıtlarda respublika aymag'ında da sharayatlarına qarap, onın' ko'rinisi ha'm normativ talaplarına bazı bir o'zgerisler kirgizildi ha'm kontseptsiya islep shıg'arıldı. Sonlıqtan «Alpamıs» ha'm «Barshınay» arnawlı testleri sho'lkemlestirildi (2000-j).

Ba'rshemizge ma'lim, MQT kompleksinin' tiykarg'ı tu'rleri ha'm normativlik da'rejesi oqıwshı jaslardı ha'r ta'repleme fizikalıq jetiskenlikke erisiwde u'lken a'hmiyetke iye. Sol sebepten respublikada bul kompleks jaslardı fizikalıq jaqtan tayarlawdag'ı u'lken jumıslardı a'melge asırıwdın' da'slepki tırnag'ı bolıp esaplanadı. Bunın' da'lili sıpatında to'mendegi ko'rsetkishlerdi keltiriw mu'mkin. Respublika boyınsha 1991-jıl 1 mln 33 mın' 815 adam MQT nıshanının' iyesi boldı. Sonnan joqarı oqıw orınları talabalarınan 12743 adam, orta arnawlı bilim jurtlarında 36867 adam, ka'sip-o'ner texnika bilim beriw orınlarında 69650 adam, ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde 832962 adam, oqıw ha'm islep shıg'arıw ka'rxanalarında 81593 adam bul komplekstin' barlıq talapların orınladı.

Respublikadag'ı dene ma'deniyatı toparları, sport klubları, sport ja'miyetleri ha'm tu'rli wa'zirlikler ma'mleket sho'lkemlerindegi dene ta'rbiyası ha'm sport jumısların sho'lkemlestiriw, qızıqlı sport jarısların sho'lkemlestiriw, joqarı sport na'tiyjelerine erisiwde ayrıqsha orın tutadı.

Bunday sport xızmetinin' tu'rleri professional sportshılardı ta'rbiyalaw ha'm ko'beytiwge o'zinin' u'lken u'lesin qosadı. Olar tuwralı to'mendegi mag'lıwmatlardı da'lil sıpatında keltiriw mu'mkin.

Erkin gu'res boyınsha 775 adam joqarı da'rejedegi sport talapların orınlag'an. Sonday-ay; voleybol-383, boks-422, futbol-680 dzyu-do-339, basketbol-240, qol tobı-185, shaxmat-120 ha'm basqa da tu'rlerinde de joqarı ko'rsetkishlerge erisildi.

To'mendegi ko'rsetkishlerge ayrıqsha itibar beriw kerek. Sporttın' akrobatika tu'ri boyınsha 19 do'gerek topar sho'lkemlestirildi. Olarda 1923 adam shug'ıllanıp, olardın'



1342 si sport mekteplerinin' oqıwshıların quraydı. Olarg'a tek g'ana 43 trener biriktirilip, olardın' 33 i joqarı mag'lıwmatlı qa'nigeni quraydı, 21i ja'miyetshilik trener bolıp esaplanadı.

En' birgelikli ha'm su'yikli sport tu'rlerinen bolg'an futbol boyınsha 7904 topar bolıp, olarda 266767 adam shug'ıllanıp ha'm 4345 si sport mekteplerinin' oqıwshıları bolıp esaplanadı. Olardı ta'rbiyalaw ha'm ta'jiriybe arttırıwda 682 trener qatnasıp, 497 si arnawlı mag'lıwmatqa iye. Sonday-aq, 9048 adam ja'miyetshilik tiykarda trenerlik etedi.

Voleybol sport tu'ri boyınsha 343, boks-313, Erkin gu'res-249, samb'o gu'resi-229, qol tobı-229, dzyu-do-193, basketbol-162, klassikalıq gu'res-172, stol tennisi-131 ha'm sol sıyaqlı sport tu'rlerinde ko'plegen trenerler xızmet etedi.

Respublikadag'ı sport jetiskenliklerinin' ko'rsetkishlerine qarag'anda to'mendegi pikirlerdi bayan etiwge tuwra keledi.

***Futbol*** – en' su'yikli ha'm shug'ıllanıw ushın qolaylı sport tu'rlerinen biri.



Bul tarawdag'ı ko'rsetkishlerdi ortasha etip alsaq, to'mendegi jag'daylardı ko'riw mu'mkin, yag'nıy ha'r bir toparda ortasha esapta 378 adam (266-727; 7904=378) futbol menen shug'ıllanadı, ha'r bir trenerge bolsa 390 adamnan artıq futbolshı tuwrı keledi.

Sonday-aq, erkin gu'res boyınsha 656 topar 31567 adam shug'ıllansa, olarg'a 259 trener basshılıq etedi. Ortasha alg'anda ha'r bir trenerge 120 gu'resshi tuwrı keledi.

Bunday jag'daylardı voleybol (269433:343=758 adam)-758, shaxmat (129264:96=1346) 1346, basketbol (141719:182=778) sıyaqlı tu'rlerinde de ko'riw mu'mkin.

Bul ko'rsetkishlerge a'piwayı ko'z-qaras penen qarag'anda hesh qanday qıyınshılıqlar ko'zge ko'rinbeydi. Biraq bir trener futbolda 390, erkin gu'reste 121, voleybolda 758, shaxmatta 1346, basketbolda 788 adamnın' tuwrı keliwi ayrıqsha jag'day ekenin ko'riw mu'mkin. Voleybol, shaxmat, basketbol tu'rlerine topar trenerleri de basshılıq etiwi mu'mkin. Biraq bunday jag'daylar sportshılardın' ta'jiriybelerin jeterli da'rejede asıra aladı dep juwmaq shıg'arıw qıyın. Bunday ko'rsetkishler keyingi waqıtlarda bir qansha jaqsı ta'replerge o'zgerdi.

Qullası, bul ko'rsetkishlerdin' bir qansha uzaq waqıt talap etetug'ınlıg'ı anıq, bunnan sonday juwmaqqa keliw mu'mkin, qaysı bir toparlarda trenerler ha'm sportshılar

na'tiyjege erispekte, ko'pshiliginde bolsa ulıwma jaqsı na'tiyjeler joq esabı. Atap aytqanda, futbol boyınsha 680, shaxmat-120, qol tobı-125 adam joqarı da'rejedegi (SUN, 1 da'rejede) sportshılar tayarlang'an. Olardı ulıwma shug'ıllanıwshılar sanına salıstırılsa, jumıs sapasının' joq ekenligin biliw qıyın emes.

Aytıp o'tiw kerek, O'zbekstan g'a'rezsizliginin' on jıllıg'ı dawamında (1991-2001-j.j.) dene ta'rbiyası ha'm sport jumısları bir qansha rawajlandı. Birgelikli tiykarda sport ta'jiriybelerin asırıw bir qansha o'sti.

Futbol, tennis, o'zbek gu'resi, boks, shıg'ıs jeke gu'resi (karate, dzyu-do, taekvando, ushu, qol tobı ha'm t.b) jaslar arasında ken'nen en jaydırılmaqta. Bunın' en' tiykarg'ı sebepleri sonda «Fizikalıq ta'rbiya ha'm sport haqqında»g'ı nızam ha'm qararlardı (1993, 1996, 1999, 2000, 2002, 2003 ha'm t.b) a'melge asırıwda u'lken bayramlar ha'm kesheler o'tkerildi. Olardın' na'tiyjeleri bolsa respublikada o'tkerilgen sport jarısları, xalıq aralıq turnirler ha'm sportshılardın' Orta Aziya ha'm ja'han birinshiliklerinde qatnasıwı, erisilgen jen'isler tiykarında ayqın ko'rinedi.

O'zbekstanda futboldı rawajlandırıw (1993, 1996) tennis, boks ha'm gu'res boyınsha xalıq aralıq turnirler o'tkeriw (1993, 2000) haqqındag'ı hu'kimet qararları u'lken a'hmiyetke iye. A'sirese, «O'zbekstanda dene ta'rbiyası ha'm sporttı ja'ne de rawajlandırıw ilajları haqqında»g'ı O'zbekstan Ministrler Ken'esinin' 1999-jıl 27-maydag'ı qararı barlıq ma'mleketlik ka'rxanalar, jeke ha'm ja'miyet sho'lkemleri aldına u'lken wazıypalardı ju'kledi. Sonlıqtan da, xalıqtın' barlıq orınları ha'm islep shıg'arıw, sawda orayları, ta'rbiya oqıw orınların da dene ta'rbiyasın ha'm sporttı jolg'a qoyıw ma'seleleri u'lken wazıypa bolıp qalmaqta.

Fizikalıq ma'deniyat ha'm sport jetiskenliklerinin' 10 jıllıq da'wirinde ko'rsetkishlerdin' na'tiyjeleri haqqında to'mendegi ko'rsetkishler arqalı tanısıw mu'mkin.

Fizikalıq ma'deniyat sho'lkemlerinin' sanı 1991-jılda 14.577 bolsa, 1995-jılda 14408 ha'm 2000-jılda bolsa 15.863 ke jetti. Ayırım jıllarda sho'lkemler sanının' kemeyiwine sebep, ayırım ka'rhanalar ha'm mekemeler birlestirilgen yamasa juwmaqlang'an. Son'g'ı waqıtları bolsa, olardın' sanı arta basladı.

Fizikalıq ta'rbiya ha'm sport, sayaxat ha'm de xalıq oyınları menen shug'ıllanıwshılar sanı 1991-jılda-5.549966 adam bolsa, 1995-jılda-5.640085 ha'm 2000-jılda-6.862790 adamdı o'z ishine alg'an.

Turaqlı sport tu'rleri menen shug'ıllanıwshılar sanı 1991-jılda-1.491511, 1995-jılda-1.256958 ha'm 2000-jılda 1.856181 adamg'a o'sti.



Futbol menen shug'ıllanıwshılar sanı-439344, valeybol-296801, jen'il atletika-172047, gu'res-93985, boks-26551, tennis-14504 ti quramaqta. Sport penen shug'ıllanıwshılar mekteplerde 1992-jılda 737641, 1995-jılda 828072, 2000-jıl 1196091 adamdı quraydı. Bunday ko'rsetkishler kolledj ha'm litseylerde: 1992-jıl-42027, 1995-jıl-47353 ha'm 2000-jıl-81649 adam, oqıw bilim jurtlarında bolsa bunday na'tiyjeler bir qansha joqarı edi.

Balalar ha'm jas o'spirimler sport mekteplerinde shug'ıllanıwshılar sanı 1992-jılda 244483, 1995-jılda-245347 ha'm 2000-jılda bolsa 272262 jas sportshılardı quraydı. Respublikalıq BO'SM sanı1992-jılda-472, 1995-jılda-522 ha'm 2000-jılda bolsa 538 danag'a jetkerildi.

O'zbekstan Respublikası Prezidenti ha'm hu'kimetinin' ma'mlekette dene ta'rbiyası ha'm sporttı rawajlandırıw barısındag'ı g'amxorlıqlarının' arqasınan oqıwshı jaslardı sportqa tartıw, sportshılardın' sheberliklerin asırıwda u'lken imkaniyatlar jaratıp berilgen.

G'a'rezsizligimizdin' 10 jıllıg'ı da'wirinde respublikada sporttın' jetiskenligi, talantlı sportshılardın' xalıq aralıq sport maydanlarında erisken jetiskenliklerin sa'wlelendiriwshi u'lken abıroyg'a iye u'lgiler jaratıldı.

Olar arasında 10 jıllıq yubileyge inam etilgen «XXI a'sir: g'a'rezsizlik tımsalları» kitabı itibardı tartadı. En' kereklisi sonda, onın' quramındag'ı du'nyag'a sport arqalı ma'mleketimizdi tanıtqan, elimiz bayrag'ın ko'klerge ko'terip, milliy gimnimizdi du'n'ya ju'zi boylap jan'lanıwına o'z u'lesin qosqan sportshılar ayrıqsha orın alg'an.

Kitaptın' «Xalqımızdın' qa'diri ba'lent ul-qızları bo'liminde İslam Karimovtın' «O'zbek milletinin', o'zbek perzentlerinin' qa'bileti, qızıg'ıwshan'lıg'ı, ziyrekligi boyınsha basqa hesh bir millet yamasa xalıqtan qalısatug'ın jeri joq» dep bergen bahası menen baslanadı. Usı jerde ja'han chempionı, XXVII Olimpiya oyınlarının' boks boyınsha altın medal iyesi M.Abdullaevtın' elimiz bayrag'ın ba'lent ko'terip, maqtanıshlı tu'rde turıwı el basshımızdın' pikirine ba'ntbasar bolıp turıptı. A'sirese, Prezidentimizdin' M.Abdullaevtı qutlıqlap ha'm og'an zerli ton kiygiziwi sportshılar miynetin qa'dirlewdegi en' joqarı qa'diriyat ekenligin ko'rsetpekte.

Boksshı Ruslan Chagaevtın' da sporttag'ı miynetleri ha'm jetiskenlikleri girewli. Ol 1978-jıl 19-oktyabrde Andijan qalasında tuwılg'an. Eki ma'rte Aziya ha'm ja'han chempionı. Aziya oyınlarının' jen'impazı «O'zbekstanda xızmet ko'rsetken sportshı»,

«O'zbekstan iftixori» hu'rmetli atag'ı, «O'zbekstan belgisi» ko'kirek ordeni menen sıylıqlang'an.

Ol 2002-jılda professional boks boyınsha o'z salmaq kategoriyasında chempion atag'ına eristi.

***Rustam Saidov*** – 1978-jıl 6-fevralda tuwılg'an. Boks boyınsha Oraylıq Aziya oyınlarının' jen'impazı. Aziya chempionı Sidney Olimpiadası bronza medalın qolg'a kirgizgen.

***Sergey Mixaylov*** – 1976-jıl 5-martta tuwılg'an. Boks boyınsha eki ma'rte Aziya chempionı. Aziya oyınları jen'impazı, Sidney olimpiadasının' bronza medalı jen'impazı. «O'zbekstan Respublikasına xızmet ko'rsetken sportshı», «O'zbekstan iftixori» hu'rmetli atag'ının' iyesi.

***Dilshod Yorbekov*** – 1974-jıl 25-yanvarda Samarqand qalasında tuwılg'an. Boks boyınsha Aziya chempionı. Aziya oyınlarının' Gu'mis ha'm bronza medalları iyesi. Ja'han chempionatı ha'm kubogı ha'm jaqsı niyet oyınlarının' bronza medalı iyesi. «O'zbekstan Respublikasına xızmet ko'rsetken sport ustası», «Doslıq ordeni», «O'zbekstan belgisi» ko'kirek nıshanı menen sıylıqlang'an.

***Artur Grigoriyan*** – 1967-jıl 20-oktyabrde Tashkentte tuwılg'an. Boks boyınsha jaqsı niyet oyınları jen'impazı, ja'han chempionatı gu'mis medalı jen'impazı. Professional boks boyınsha 16 ma'rte (2002-jıl) ja'han chempionı «Mehnat shuxrati» ordeni iyesi. «O'zbekstan Respublikasına xızmet ko'rsetken sportshı», «O'zbekstan iftixori» hu'rmetli ataqları ha'm «O'zbekstan belgisi» ko'kirek nıshanı menen sıylıqlandı.

***Mirjalol Qasimov*** – 1970-jıl 17-sentyabrde Tashkentte tuwılg'an. Futbol boyınsha o'spirimler arasında ja'han ha'm Evropa chempionı. XII Aziya oyınları jen'impazı.

Akobir Qurbonov- 1975-jıl 29-iyulde Buxara qalasında tuwılg'an. Sambo boyınsha to'rt ma'rte Aziya chempionı. Ja'han universiyadası jen'impazı, ja'han kubogı iyesi, ja'han chempionı, milliy gu'res boyınsha ja'han chempionı. «O'zbekstan iftixori» hu'rmetli atag'ı ha'm «O'zbekstan belgisi» ko'kirek nıshanı menen sıylıqlandı.

***Nurxon Nafasov*** – 1965-jıl 5-yanvarda tuwılg'an. Milliy karate federatsiyasının' baslıg'ı. O'zbekstanda xızmet ko'rsetken sport ustası.

En' qızıqlı ta'repi sonda, keyingi jıllarda kishkene jastag'ı balalar ortasında shıg'ıs jeke gu'resleri boyınsha jarıslar sho'lkemlestirilmekte. Sonlıqtan da usınday tu'rlerge awıl ha'm uzaq aymaqlarda balalar bul sport tu'rlerine u'lken ıqlası menen kelmekte.



Azam, Farrux ha'm Parviz Abdulmanovlar Bekabad rayonındag'ı Zarif awılında tuwılg'an. En' u'lkeni 13 jasta (2000-jılg'ı mag'lıwmat), ortanshısı 12 ha'm kishkenesi 9 jasta. Bul ag'alı-iniler karate boyınsha O'zbekstan, Aziya ha'm ja'han chempionları, bir qatar xalıq aralıq turnirlerde jen'impaz bolg'an.

Rustam Qasimjonov-1979-jıl 5-dekabrde Tashkentte tuwılg'an. Shaxmat boyınsha Aziya chempionı, ja'han chempionatı masshtabı jarıslarının' jen'impazı. Pu'tkil du'n'ya ju'zlik shaxmat olimpiadasında jeke esapta bronza medalg'a iye bolg'an. Xalıq aralıq grossmeyster. 2004-jılda ja'han chempionı atag'ına iye boldı. «O'zbekstan iftixori», hu'rmetli atag'ı ha'm «O'zbekstan belgisi» ko'kirek nıshanı menen sıylıqlang'an.

***İbroxim Xamroqulov*** – 1982-jıl 29-iyulda Samarqand qalasında tuwılg'an. Shaxmat boyınsha o'spirimler arasında o'tkerilgen ja'han ha'm Aziya chempionı. «Universiyada-2000» jarıslarının' jen'impazı sıpatında Prezidentimizdin' sawg'ası «Tiko» avtomashinası menen sıylıqlang'an, xalıq aralıq masshtabtag'ı sport ustası.

***Lina Cheryazeva*** – 1968-jıl 1-noyabrde Tashkentte tuwılg'an. Fristail (shang'ıda akrobatikalıq sekiriwler) boyınsha ja'han chempionı, eki ma'rte ja'han kubogı iyesi. Lillixammer qısqı Olimpiadası chempionı. «O'zbekstan Respublikasında xızmet ko'rsetken sportshı», «O'zbekstan iftixori» hu'rmetli ataqlarına iye.

***İroda Tulaganova*** – 1982-jıl 17-yanvar'da Tashkent qalasında tuwılg'an. Tennis boyınsha qızlar arasında «Wimbildong» turniri ha'm AQSh ashıq chempionatı jen'impazı, Aziya chempionı. Du'n'ya ju'zlik o'spirimler oyınlarının' bronza medalı iyesi. «O'zbekstan Respublikasında xızmet ko'rsetken sportshı», «Shuxrat» medalı iyesi.

***Sevara Qodirova*** – 1983-jıl 3-yanvar'da Namanganda tuwılg'an. Xalıq aralıq da'rejedegi sport ustası. Stol tennisi boyınsha xalıq aralıq jarıslar jen'impazı. Ja'han oyınları (Shvetsiya 1999-jıl), «Universiyada-2000» jarıslarının' jen'impazı.

«Millet maqtanıshı, ma'mleket tayanıshı» bo'liminde İ.A.Karimovtın' «Jaslardı ha'r ta'repleme shıdamlılıq, sabırlılıq salamat etip ta'rbiyalawda sport ha'm dene ta'rbiyasının' a'hmiyeti ullı» - dep berilgen bahası alg'ısqa sazawar. Usı jerde jan'adan qurılg'an «Jar» sport kompleksinin' ishki ko'rinisi bir qansha gilemlerde gu'resshilerdin' alısıwları, ko'plegen tamashago'ylerdin' jarıslardı u'lken qızıg'ıwshılıq penen ko'riwi, ren'li ko'rinislerde sa'wlelengen.

Prezident İslam Karimovtın' jetik sportshılar arasında tu'sken su'wreti, XXVI Olimpiyada oyınlarında boks boyınsha bronza medalı jen'impazı Karim Tulaganov, Boks boyınsha to'rt ma'rte respublika chempionı, Aziya chempionatının' gu'mis ha'm bronza

medallari iyesi. Aziya oyinlari bronza medali iyesi, ja'han kubogi jen'impazi Jizzax qalasinan Lazizbek Zakirovtin' ren'li su'wretleri berilgen. Ol xaliq araliq sport ustasi qatarinda boksshi ha'm «O'zbekstan iftixori» hu'rmetli atag'ina iye. Solar qatarinda boksshi Tolqinbay Turg'unov 2 ma'rte Aziya chempioni, Aziya oyinlari, ja'han kubogi ha'm ja'han chempionatinin' jen'impazi; Tatyana Malinina (Muzda ushiw) qisqi Aziya oyinlarinin' altin ha'm gu'mis medallari jen'impazi; Erkinbay Qutibaev (kik boks) Evropa chempioni, muay-tay boyinsha u'sh ma'rte ja'han, Aziya oyinlarinin' chempioni; Timur Tulakov (boks) xaliq araliq masshtabtag'i chempioni ha'm Aziya oyinlari gu'mis medallari iyesi, jaqsi niyet oyinlari jen'impazi, siyaqlilar o'z ornin iyelegen.

Kitaptin' keyingi betlerinde Oksana Chusovitina, sport gimnastikasi boyinsha XXV Olimpiada oyinlari chempioni, Aziya oyinlari ha'm «Ja'han juldizlari» xaliq araliq jarislardin' jen'impazi~ Armen Bagdasarov, dzyu-do boyinsha Olimpiyada oyinlarinin' gu'mis medali jen'impazi, 9 ma'rte O'zbekstan Respublikasi chempioni, du'n'ya ju'zlik universiyadasinin' gu'mis medali jen'impazi: Kamol Muradov dzyu-do boyinsha Aziya oyinlari bronza medali iyesi, milliy gu'res boyinsha birinshi ja'ha'n chempioni, xalqaraliq da'rejedegi sport ustasi; Shuxrat Xodjaev, sambo boyinsha ja'ha'n ha'm to'rt ma'rte Aziya chempioni, eki ma'rte ja'han ha'm masshtabliq kubogin' iyesi, milliy gu'res boyinsha ja'han chempionatinin' bronza medali jen'impazi.

Tashtemir Muxammadiev, Surxandariyali sportshi (1968-jil tuwilg'an), gu'res boyinsha ja'ha'n chempioni «El jurt hu'rmeti» ordeninin' iyesi.

Mahtumquli Mahmudov, gu'res boyinsha bir qatar xaliq araliq turnirlerdin' jen'impazi, ja'han chempioni. 1969-jil Surxanda'ryada tuwilg'an. «O'zbekstan iftixori» hu'rmetli atag'ina iye bolg'an ataqli sportshilar qatarinan orin alg'an. Uliwma alg'anda 10 jil dawaminda O'zbekstan, Orayliq Aziya, Aziya, ja'han sport jarislari ha'm Olimpiada oyinlarinin' jen'impazlari ha'm qatnasiwshilari itibarinan shette qalmag'an. Olardin' xizmetleri ha'm tayarliqlari O'zbekstan dene ta'rbiyasi ma'deniyati tariyxinan o'z ornin iyelegen. Olar arasinda u'lken talant iyesi ha'm keleshekte u'lken u'mit ku'tiw mu'mkin bolg'an jaslar ju'da' ko'p. A'sirese, Yulduz Hamroqulova (1989-jil Jizzaxta tuwilg'an), shaxmat boyinsha qizlar arasinda u'sh ma'rte O'zbekstan birinshiliginin' jen'impazi, Aziya birinshiliginin' bronza medali jen'impazi, ja'han birinshiliginin' qatnasiwshisi, ba'rshenin' diqqatindag'i sportshilarimizdin' biri.

***Abdulla Tan'riev*** – (1981-jil Surxandarya) dzyu-do boyinsha jaslar arasinda Aziya birinshiligi chempioni. Sidney Olimpiyadasinin' qatnasiwshisi, xalqaraliq da'rejedegi sport



ustasi. Gu'res boyinsha 2001-2005-jillarda o'tkerilgen xalqaraliq turnirler ha'm ja'han birinshiliginin' jen'impazi.

***Manzura İniyatova*** – (1982-jil Nawayi oblasti), stol tennisi boyinsha du'nya ju'zlik o'spirimler oyinlarinin' bronza medali iyesi, ja'han oyinlari ha'm Evropa ashiq kubogi jen'impazi. Xalqaraliq da'rejedegi sport ustasi.

***Nodir Xodjaev*** – 1989-jil 4-iyulda Qashqada'rya wa'layatinda tuwilg'an. Karate boyinsha 1-dan iyesi. O'zbekstannin' eki ma'rte chempioni, ja'ha'n kubogi jen'impazi.

***Sayda İskandarova*** – 1980-jil 12-martta Tashkente tuwilg'an. Ju'ziw boyinsha eki ma'rte Orayliq Aziya oyinlari jen'impazi, Aziya-Okeaniya chempionatinin' altin medal iyesi. Aziya oyinlarinin' gumis medali jen'impazi. Sidney Olimpiadasinin' qatnasiwshisi, Xalqaraliq da'rejedegi sport ustasi.

***Sayda Burxanxojaeva*** – 1984-jil 12-iyunda Tashkentte tuwilg'an. Stol tennisi boyinsha xaliq araliq da'rejedegi sport ustasi. Du'n'ya ju'zlik o'spirimler oyinin' bronza medali iyesi, ja'han oyinlari jen'impazi, eki ma'rte O'zbekstan chempioni.

Juwmaqlap aytqanda, bunday jetiskenlikler ha'm talantli sportshilar ma'mlekette alip barilip atirg'an iygilikli jumislari da'slepki na'tiyjelerinen esaplanadi.



Respublikaliq dene ta'rbiyasi ma'deniyati ha'reketinin' salmaqli tarawlari, uliwma orta bilim beriw mektepleri, joqari ha'm orta arnawli bilim beriw orinlarinda (litsey, kolledj ha'm t.b)dan ibarat. Sonliqtan da, sportshi oqiwshi jaslar ha'm talabalardin' sani basqa tarawlarg'a qarag'anda ko'birek.

Olar menen alip barilip atirg'an dene ta'rbiyasi sabaqlari, sport shinig'iwlari ha'm de ha'r tu'rli sport jarislarina ayriqsha itibar berilmekte. Bular a'sirese g'a'rezsilikten keyingi jillarda (2001-2005) ayqin ko'zge taslandi.

Uliwma orta bilim beriw mektepleri ha'm orta arnawli bilim beriw orinlarinda (litsey ha'm kolledj) dene ta'rbiya ha'm sport jetiskenliklerin ta'miyinlewshi bazi bir ra'smiy mag'liwmatlardi keltiriw za'ru'r. Bul tuwrali O'zbekstan xaliq bilimlendiriw Ministrligi, joqari ha'm orta arnawli bilimlendiriw Ministrligi, Respublika ma'deniyat ha'm sport isleri Ministrliginin' ko'rsetken esabati pikirimizdin' misali bola aladi. Olardi to'mendegi qatarlarda ko'riw mu'mkin.

Atap o'tiw kerek, O'zbekstan dene ta'rbiyası ha'm sportının' rawajlanıwın ken'eyttiriwde O'zbekstan Respublikası Ministrler Ken'esinin' «O'zbekstan dene ta'rbiyası ha'm sporttı ja'ne de rawajlandırıw ilajları haqqında»g'ı qararı (1999-jıl 27-may) u'lken waqıya boldı. Onda ko'rsetilgen ma'mleket bag'darlamasında (konseptsiya) xalıqtı birgelikli tu'rde sportqa tartıw, olarg'a za'ru'r sha'rt-sha'rayatlar jaratıp beriw, a'sirese, en' zamanago'y sport komplekslerin jan'adan qurıw bas wazıypa etip qoyıldı. Respublika sportshıların xalıq aralıq sport jarıslarına tayarlaw, olardın' jen'iske erisiwleri ushın barlıq imkaniyatlardı iske salıw, bunda trenerler, arnawlı sport sho'lkemleri ha'm de ma'mleketlik mekemelerdin' juwapkershiligin asırıw ayrıqsha ko'rsetip o'tilgen.

Ullı keleshek jas a'wladlar ta'g'dirinde bolıwı ta'biyiy jag'day. Sport a'leminde de bunday ideya ha'm talaplar joqarı turadı. Respublikamız sportının' keleshegin ta'miyinlew jolında Respublikamız Prezidenti ta'repinen «O'zbekstan balalar sportın rawajlandırıw» qorın du'ziw haqqında»g'ı Pa'rmanı (2002-jıl 24-oktyabr) ja'riyalandı. Pa'rman boyınsha O'zRMK arnawlı qararı qabıl etildi ha'm respublika, walayat, qala ha'm rayon sho'lkemleri jumısqa tu'sti. Onın' na'tiyjeleri ku'n sayın asıp barmaqta.

A'sirese, balalar sport shınıg'ıwların o'tkeriw menen baylanıslı bolg'an ekonomikalıq-texnikalıq bazanı ken'eyttiriw, sport kompleksler ha'm kerekli u'skenelerdi zaman talapları tiykarında qurıw ha'm de qayta rekonstruktsiyalaw sıyaqlı za'ru'r tarawlarg'a ma'mleketlik ha'm juwapkershiligi sheklengen sho'lkemlerdi qaratıw anıq belgilengen.

Respublika balalar sportın rawajlandırıw qorının' to'mendegi tarmaqların (walayat, qala-rayon) sho'lkemlestiriw, olardın' ekonomikalıq ha'm xojalıq ju'ritiw jumısların erkin tu'rde alıp barıw dene ma'deniyatı tariyxında za'ru'r waqıya bolıp esaplanadı.

Uqıplı balalardı sportqa tartıwda shan'araq, mektep, ma'halle ha'm basqa tu'rli tiptegi ja'miyetlik sho'lkemlerdin' birgelikli ha'm a'meliy ha'reketlerin qaratıwg'a ken' orın berildi. Sonlıqtan da «Balalar ha'm o'spirimler sport mektepleri»nin' tarmag'ın ken'eyttiriw, xalıq aralıq sport jarısları, a'sirese Olimpiada oyınları bag'darlamasındag'ı sport tu'rleri boyınsha tayarlıq ha'm de ta'rbiyalıq jumıslardı xalıq aralıq u'lgiler talabı tiykarında alıp barıwg'a shaqırılmaqta.

Usı qarar tiykarında qızlarımızdı sportqa qızıqtırıw, olardı ta'rbiyalaw ha'm de Olimpiyada oyınlarında qatnasıwg'a tayarlaw jumısları qızg'ın alıp barılmaqta. Sonın' menen birgelikte oqıwshı jaslardın' dene ta'rbiyası sabaqları ha'm sport shınıg'ıwlarındag'ı birgelikli ha'reketlerin ja'ne de sıpatlı o'tkeriw, olardı milliy xalıq oyınları menen shug'ıllanıwın ta'miyinlew, bul jolda kadrlar tayarlaw milliy bag'darlaması



tiykarında arnawlı qa'nigelerdi ha'm olardın' ta'jiriybelerin asırıwg'a qatan' itibar berilmekte. Ulıwma alg'anda, usı qarar, oqıwshı jaslardın' sportqa qızıg'ıwın asırıwg'a za'ru'r bolg'an tiykarg'ı sebeplerdin' tariyxıy jag'dayına aylanbaqta.

O'zbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw Ministrligi sistemasındag'ı balalar ha'm o'spirimler sport mekteplerinde 2001-jılda sporttın' 37 tu'ri ha'm 2002-jılg'a kelip sporttın' 40 tu'ri boyınsha seksiya ha'm krujoklarında oqıwshılar shug'ıllanıp kelmekte.

O'zbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw Ministrligi sistemasındag'ı BO'SMlarda 2001-jılda sport tu'rlerinin' bo'limleri sanı 1351 bolsa, 2002-jılg'a kelip 1443 ke jetken. Oqıw toparları sanı 2001-jılg'a kelip 7062, 2002-jılda bolsa 7290 g'a jetken. Oqıw-shınıg'ıw toparları sanı 2001-jılda 7330 bolıp, 2002-jılda 8499dı quradı. Sport ta'jiriybesin asırıw toparları 2001-jılda 245 bolg'an, 2002-jılda 20 g'a kemeygen, yag'nıy 224 qurag'an, joqarı sport ta'jiriybesi bo'liminde bolsa 2001-jılda 26 bolıp, 2002-jılda 30 g'a jetkerilgen.

*Seksiya ha'm bo'limlerde shug'ıllanıwshılar sanı toparlardın' ko'beyiwi yamasa kemeyiwine qarag'anda sezilerli da'rejede o'zgergen.*

1. Baslang'ısh tayarlaw topari 2001-jıl -105973, 2002-jıl -110125.
2. Oqıw-shınıg'ıw topari - 2001-jıl-83605, 2002-jıl-99751.
3. Sport ta'jiriybelerin asırıw topari 2001-jıl-1950, 2002-jıl 1827.
4. Joqarı sport ta'jiriybesi topari 2001-jıl 1116, 2002-jıl-143.

Bo'linbelerde shug'ıllanıwshılar sanının' ko'beyiwine sebep, baslang'ısh tayarlaw toparları ha'm oqıw-shınıg'ıw toparlarındag'ı trenerlerdin' ko'beyiwi ha'm de shug'ıllanıwshılardın' ko'beyiwi menen baylanıslı bolsa, sport ta'jiriybelerin asırıw topari ha'm joqarı sport ta'jiriybeleri toparlarının' sanının' asıwına bolsa sportshılardın' ta'jiriybelerinin' asıwı yamasa basqa ja'miyetlerden qosılg'an sportshılar sebepshi boladı.

*Ulıwma balalar o'spirimler sport mekteplerine qısqasha mag'lıwmat beretug'ın bolsaq to'mendegilerdi anıqlaymız.*

1. Balalar ha'm o'spirimler sport mektebi 2001-jılda 309 bolg'an 2002-jılda kelip, 336 g'a jetken.
2. Qa'nigelestirilgen balalar ha'm o'spirimler Olimpiada rezervleri sport mekteplerinin' sanı 2001-jılda 32 bolg'an bolsa, 2002-jılg'a kelip 34 ke jetken.

Sport mekteplerindegi shtatlı belgilengen jumıslarg'a keletug'ın bolsaq 2001-jılda 901 bolg'an bolsa, 2002-jılg'a kelip 1006 g'a ko'beygen. Solardan joqarı mag'lıwmatlıları 2001-jılda 689 bolg'an bolsa, 2002-jılda 774 ke jetken. Olardan hayallardı anıqlag'anımızda 2001-jılda 152, 2002-jılda bolsa 158 ge jetken.

Balalar ha'm o'spirimler sport mektebinin' sport bazaları 2001-jılda 1709 dı qurag'an, 2002-jılg'a kelip 1405 ke kemeygen. Solardan 2001-jılda 243 menshikli bolıp 1466 ijarag'a alıng'an, 2002-jılda bolsa 196 menshik bolıp 19009 ijarag'a alıng'an.

Sport bazalarının' kemeyiwi ijarag'a sport komplekslerin alıwg'a qımbatlıg'ı, qa'rejetlerdin' jetispewshiligi sebebinen ju'zege kelgen.

Balalar ha'm o'spirimler sport mekteplerinde 2001-jılda tayarlang'an razryadlı sportshılar to'mende ayqın ko'rsetilgen. Birgelikli razryadlar-60970, birinshi razryadlılar-2028, sport ustalıg'ına dawager-969, sport ustası-108, xalıq aralıq da'rejedegi sport ustası 6. Sonday-aq, 2002-jılda tayarlang'an razryadlı sportshılar: birgelikli razryadlar-60851, birinshi razryadlılar-1997, sport ustalıg'ına dawager-855, sport ustası-84, xalıq aralıq da'rejedegi sport ustası-12 si tayarlang'an.

**O'zbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw Ministrligi quramındag'ı sport mektepleri boyınsha 2002-jıl 31-dekabrge shekemgi bolg'an**
**MAG'LIWMAT**

| Q/s | Oblastlar | BO'SM leri sanı | Qa'nige-lestirilgen (İBYO OZM) | Sonnan awıllıq jerlerde | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | BO'SM leri sanı | Qa'nigelestirilgen (İBYO OZM) |
| 1 | Qaraqalpaqstan | 25 | 1 | 21 | - |
| 2 | Andijan | 47 | 1 | 32 | - |
| 3 | Buxara | 21 | 5 | 14 | 2 |
| 4 | Jizzax | 27 | - | 9 | - |
| 5 | Qashqada'rya | 21 | - | 19 | - |
| 6 | Namangan | 30 | 3 | 17 | - |
| 7 | Nawayı | 12 | - | 9 | - |
| 8 | Samarqand | 38 | 3 | 27 | - |
| 9 | Surxanda'rya | 16 | - | 14 | - |
| 10 | Sirda'rya | 15 | - | 9 | - |
| 11 | Fergana | 36 | 1 | 26 | - |
| 12 | Xorezm | 17 | - | 14 | - |
| 13 | Tashkent oblastı | 32 | 2 | 15 | - |
| 14 | Tashkent qalası | 9 | 18 | - | - |
| | Ja'mi | 336 | 34 | 226 | 2 |



## 1.2. KO'P BASQISHLI BİRGELİKLİ SPORT KESHELERİNİN' SALAMATLASTIRIWSHI HA'M TARİYXİY A'HMİYETİ

O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' qararı menen 1993-jıl mart ayında «Sog'lom avlod uchun» ordenin sho'lkemlestiriw ko'rsetildi. Onın' nızamında ko'rsetiliwine qarag'anda, ta'lim-ta'rbiya ha'm de meditsinalıq mekemelerde joqarı da'rejede xızmet ko'rsetken jumısshılar, basshılar ha'm bul tarawg'a u'lken u'lesin qosqan shaxslarg'a I-III da'rejedegi ordenler berilmekte. Respublikanın' derlik barlıq oblastlarındag'ı dene ta'rbiya oqıtıwshıları, BO'SM nın' trener ha'm basshıları, sport sho'lkemlerinin' juwapkerli isshileri bul orden menen sıylıqlanbaqta.

O'zbekstan Respublikası Prezidenti İslam Karimovtın' «Ta'lim ta'rbiya ha'm kadrlar tayarlaw sistemasın tu'pten jan'alaw, nawqıran awladtı kamalg'a keltiriw haqqında»g'ı qararı (1997-jıl 10-oktyabr), O'zbekstan Respublikası Ministrler Ken'esinin' 1999-jıl 27-maydag'ı qararı ha'm basqa rasmiy hu'jjetler tiykarında «Salamat awlad» ma'mleketlik bag'darlaması» islep shıg'ıldı ha'm a'melge asırılmaqta. Da'stu'rdin' tiykarg'ı jo'nelisi meditsina, bilimlendiriw, ma'halle ha'm basqa da tarawlarda xalıqtın' salamatlıg'ın qorg'aw, densawlıqtı saqlaw boyınsha ta'lim-ta'rbiya jumısların ja'ne de jaqsılaw, sotsiallıq turmıs jag'dayın jaqsılawg'a qaratılg'an keshelerdi maqsetli tu'rde o'tkeriw ko'zde tutıldı. Aldı menen «Salamat ana, salamat bala» uranı u'stin turıwı ayrıqsha ko'rsetip o'tilgen.

Bunday xalıqlıq ha'm ma'deniy jumıslardın' salmaqlı mazmunı, dene ta'rbiyası menen baylanısqanlıg'ı u'lken a'hmiyetke iye. Sonlıqtan da balalar baqshaları, ulıwma orta bilim beriw mektepleri, ka'sip-o'ner kolledjleri, litseyler ha'm joqarı oqıw orınlarında dene ta'rbiyası sabaqları, sport shınıg'ıwları ha'm de xalıqlıq sport jarısların sho'lkemlestiriwge u'lken itibar berilmekte.

Ja'ne de itibarlı ta'repi sonda, arnawlı mektepler (nagiran ha'm fizikalıq jaqtan a'zzi) ha'm nagiranlar sport klublarında dene ta'rbiyasına ha'm sportqa ayrıqsha itibar berilip, olardın' densawlıg'ın saqlaw, jaqsılaw ha'm rawajlandırıw jolında o'zine say kesheler, shınıg'ıwlar ha'tte sport jarısları da sho'lkemlestirilmekte.

O'zbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw Ministrligi sistemasındag'ı ulıwma orta bilim beriw mektepleri oqıwshıları arasında «U'mit na'lsheleri-2003» sport jarıslarının' 1-basqısh na'tiyjeleri na'tiyjeli boldı.

Respublika boyınsha ulıwma orta bilim beriw mektepleri sanı 96900 bolıp, ja'mi oqıwshılar sanı 6.258.796nı quraydı. Barlıq oblastlar, rayon (qala)lardag'ı mekteplerde

o'tkerilgen «U'mit na'lsheleri 2003» sport jarıslarının' 1-basqıshı 9690 mektepte 6.116.930 oqıwshı qatnasqan. Oblastlar boyınsha qatnasıwshılar to'mendegi ko'rsetkishlerde ayqın ko'rinedi.

*2-tablitsa*

| Q/s | Oblastlar | Mektepler sanı | Oqıwshılar sanı | 1-basqısh qatnasıwshıları | | | Ja'mi |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1-4 | 5-7 | 8-11 | |
| 1 | Qaraqalpaqstan | 763 | 377271 | 122681 | 121529 | 121349 | 365559 |
| 2 | Andijan | 741 | 565323 | 209765 | 156650 | 161809 | 528224 |
| 3 | Buxara | 531 | 347108 | 119084 | 105909 | 96345 | 321338 |
| 4 | Jizzax | 537 | 268315 | 99070 | 71460 | 60170 | 230700 |
| 5 | Qashqada'r'ya | 1083 | 623578 | 244302 | 184145 | 173456 | 601903 |
| 6 | Namangan | 672 | 512999 | 211791 | 155122 | 146208 | 513121 |
| 7 | Nawayı | 375 | 205966 | 70678 | 84201 | 88730 | 243609 |
| 8 | Xorezm | 534 | 349834 | 107271 | 99448 | 102597 | 309316 |
| 9 | Fergana | 906 | 691769 | 285780 | 206712 | 193040 | 685532 |
| 10 | Samarqand | 1195 | 744237 | 282501 | 247893 | 145529 | 675923 |
| 11 | Tashkent wa'layatı | 896 | 529280 | 180243 | 155540 | 130960 | 466743 |
| 12 | Surxanda'r'ya | 822 | 515579 | 196094 | 147608 | 104824 | 448526 |
| 13 | Sirda'rya | 308 | 159613 | 51830 | 42337 | 2654 | 96821 |
| 14 | Tashkent qalası | 327 | 367224 | 189311 | 223442 | 216862 | 629615 |
| Ja'mi: | | 9690 | 9690 | 6258796 | 2568569 | 2001996 | 174533 |

1. «U'mit na'lsheleri» sport jarıslarının' 1-mektep basqıshında ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde 12 sport tu'rinin' barlıq tu'rlerin o'tkeriw imkaniyatı joq, jumıslardın' jolg'a qoyılmag'anınan derek beredi. Mashqalalardı sheshiw ushın rayonlardag'ı BO'SMlerinin' sport tu'rleri boyınsha trenerlerdi ulıwma orta bilim beriw mekteplerine biriktiriw ha'm de mekteplerde u'yretilip atırg'an sport tu'rleri jo'nelisi boyınsha joqarı sport ko'rsetkishlerine iye bolg'an oqıwshılardı to'reshilikke tartıw, ma'hallelerde jasap atırg'an sport pidayılarınan maqsetli tu'rde paydalanıw za'ru'r bolıp esaplanadı.

Aldın bag'darlamag'a aylang'an mektep oqıwshıları, miynetkeshlerinin' spartakiadaları, talabalardın' «Ha'ptelik» jarısları ha'm ulıwma respublikalıq spartakiyadaları ornına g'a'rezsizlik jıllarında qa'liplesken ko'p basqıshlı sport jarısları o'tkerilip barılmaqta.

1. 2001-jılda 6742 mektepke shekemgi bilim beriw mekemelerinde 608500 balalar, 65862 pedagog ha'm basqa isshiler bar. Olarda «Quwnaq balalar», «Palwanshalar» sıyaqlı tu'rli jo'nelistegi (qalalıq-rayonlıq, ha'm toparlar) jarısları o'tkerilmekte. Bunda, en' aldı



menen balalardı salamat etip ta'rbiyalaw, sport elementlerin orınlawg'a u'yretiw ha'm de qızıqtırıw, o'zinin' ha'reketlerin qadag'alaw sıyaqlı ta'rbiyalıq jumıslar biriktirilgen.

2. Ulıwma orta bilim beriw mektepleri, arnawlı mekteplerde mayıp ha'm fizikalıq jaqtan ha'lsiz balalar 5.992.364 oqıwshı, 440762 oqıwshı bar. Sport tu'rleri boyınsha birgelikli sport jarıslarıн o'tkeriw. Bunday jarıslar 2000-jıldan baslap o'tkerilip atırg'an «U'mit na'lsheleri» O'zbekstan mektep oqıwshılarının' joqarg'ı basqısh bag'darlamaları tiykarında sho'lkemlestirilmekte. 2002-jıldan baslap jarıslarda 5.5 mln oqıwshı qatnaspaqta.

3. 200 ka'sip-o'ner kolledjleri 46 akademiyalıq litseyler ha'm orta arnawlı bilim jorınlarının' 69346 oqıwshıları arasında «Nawqıran a'wlad» sport jarısları 1999-jıldan baslap (Jizzax qalası), (2001-jılda Fergana oblastı) toparlar, qalalıq, rayonlıq, oblastlıq masshtabta o'tkerilip, joqarg'ı basqıshı, respublikalıq finalı menen juwmaqlanbaqta. Bo'limlerde 2001-jılda 500 mın' oqıwshı qatnastı.

4. 64 joqarı oqıw orınlarında 5055 magistrantlar ha'm 178435 bakalavrlar bolıp talabalardın' (2000-jıl Namangan, 2002-jıl Buxara, 2004-jıl Samarqand) da aldı menen ha'r bir joqarg'ı oqıw orınlarında, keyinala bolsa qala ha'm rayonlıq (oblastlıq) masshtapta joqarı oqıw jurtları aralıq jarısları ko'leminde o'tkerilmekte. Olardın' juwmaqlawshı bo'limi-finalı respublika masshtabında sho'lkemlestirilmekte.

Atap o'tiw kerek, bul basqıshlardag'ı respublikalıq basqıshların baslaw ha'm juwmaqlaw bo'limleri bayramg'a aylanıp ketpekte. Ataqlı qosıqshılar, jazıwshı ha'm shayırlar, pa'n ha'm ma'deniyat xızmetkerleri qatnasıp bul bayram keshelerine ko'rik bag'ıshlamaqta. A'lbette, bul g'a'rezsizlik ina'm etken u'lken ma'deniy keshelerdin' biri bolıp qaladı. Buxara qalasında o'tkerilgen ekinshi universiada qatnasıwshıların O'zbekstan Respublikasının' Prezidenti İ.A.Karimov to'mendegishe qutlıqladı.

### «UNİVERSİADA 2002» SPORT OYINLARI QATNASIWSHILARINA

Azyz ul-qızlarım.

Sizlerdin' ba'rshen'izdi a'yyemgi Buxara qalasında tiklengen mine usı zamanago'y ha'm a'jayıp sport kompleksinde O'zbekstan talaba jaslarının' «Universiyada-2002» jarıslarının' saltanatlı ashılıwı mu'na'sibeti menen shın kewilden qutlıqlaw mag'an ayrıqsha ma'rtebe bag'ıshlaydı.

Ma'mleketimizde ekinshi ma'rte o'tkerilip atırg'an universiada jarısı, onın' tek g'ana qatnasıwshılarına emes, ba'lkim pu'tkil xalqımız, aldı menen jaslarımız o'mirinde jarqın iz qaldıratug'ın za'ru'r waqıyalardan biri bolıp esaplanadı.

Bu'gingi ku'nde Watanımızdın' rawajlanıwı, jurt tınıshlıg'ı, parawan turmısqa erisiw, xalıq aralıq maydanda mu'na'sip orın iyelew sıyaqlı jaqsı niyetlerge jetiw jolında biz tayanıshımız ha'm su'yenishimiz bolmısh jaslarımızg'a sheksiz arzıw-u'mitler menen qaraymız.

Biz ushın ma'mleket sıyasatı da'rejesine ko'terilgen joqarı wazıypa, tek g'ana ma'nawiy jetik, aqıllı ha'm bilimli, sonın' menen birge sport ha'm gu'res maydanlarında shınıqqan, qıyınshılıqlardı jen'e alatug'ın iymanı ku'shli bellesiwlerde shınıqqan, ma'rt perzentlerin ta'rbiyalaw-bul bir-birin toltırg'an, bir-birinen ajıralmas maqsetlerden biri bolıwı kerek.

Dene ta'rbiyası ha'm sport elimizdin' ha'r qaysı qala ha'm awıllarg'a, ha'r bir shan'araqqa kirip barıwına erisiw, sol tiykarda o'mirimizde salamat turmıs ta'rizin ju'zege keltiriw bizin' insaniylıq arzıw-niyetlerge talpınıwımızdın' bir ko'rinisi.

Sol sebepten «U'mit na'lsheleri», «Nawqıran a'wlad» ha'm «Universiada» sport oyınların o'z ishine alg'an u'sh basqıshtan ibarat bul sistemalardın' a'melge asırılıwı, bul jolda islenip atırg'an salmaqlı jumıslarımızdın' ayqın ko'rinisi desek, hesh qanday qa'telespeymiz.

Bul sistemanın' joqarg'ı basqıshı bolg'an universiada O'zbekstan jaslarının' o'zine say sport Olimpiadası bolıp esaplanadı.

Mine, usı umıtılmas minutlarda-pu'tkil barlıg'ı menen ku'sh-g'ayrat toplap turg'an, salamat ha'm nawqıran jaslarımızdın' ashıq ju'zlerine qarap, usı ashıq stadionda sizlerdin' mın'lag'an ten'leslerin'izdi, sizlerge u'lken ha'wes ha'm u'mit penen qarap otırg'an barlıq ul-qızlarımızdı ko'rgendey bolaman ha'm bunda ko'pshilik qatarında menin' de ju'regim quwanısh ha'm maqtanıshqa tolıwın aytıp o'tpekshimen.

Erten'gi u'mitimiz, maqtanıshımız bolg'an sizlerdey jaslardı kamalg'a keltirgen ata-anaların'ızg'a, o'mirge jollama berip atırg'an ustaz ha'm trenerlerin'izge o'z minnetdarshılıg'ımdı bildiremen ha'm sizlerge qarata ja'ne sonı da aytıp o'tpekshimen. Bu'gingi o'mirge qa'dem taslar ekensiz, bellerin'izdi qattı baylap, gu'res maydanlarına shıg'ar ekenbiz, aldın'ızg'a qoyg'an maqsetlerin'iz barqulla ba'lent ha'm jetik bolsın, ku'sh-jigerin'iz ku'shli, isenimin'iz bekkem bolsın.



Usı orında sonı da umıtpan', sizlerdin' artın'ızda ha'r bir qarıs topırag'ın'ız a'ziz-Watanımız, ken'peyil, shıdam ha'm qu'diretli bolmısh xalqın'ız turıptı.

Qa'dirli perzentlerim!

Jaslıq, go'zzallıq ha'm sport bayramı-universiada jarısları joqarı ko'terin'kilik, salamat ba'sekelesiw, adal gu'resiwshen'lik ruwxında o'tedi dep isenim bildiremen.

U'mit etemen, bunday jarıslar keleshekte o'zbek sportshılarının' ja'han olimpiyadası shoqqılarına ko'teriliw ushın, mısalı, tekshe xızmetin atqaradı.

Siz universiada qatnasıwshılarına ba'lent ruwx, shıdamlılıq, belsendilik, sonın' menen birge ken'peyillik ha'm ma'rtlik, haqıyqıy sportshılarg'a say o'zgeshelik ha'm pa'ziyletler barqulla joldas bolıwın qa'leymen.

Sizlerge zor den-sawlıq, o'mirden ku'tken barlıq jaqsı niyetlerin'iz a'melge asıwın tileymen.

İslam Karimov O'zbekstan Respublikası Prezidenti.

*Universiada juwmaqları haqqında mag'lıwmatlar keltirildi. Ulıwma toparlar boyınsha iyelengen orınlar to'mendegishe:*

1. Tashkent qalası-1-248-upay.
2. Buxara oblastı-203,5.
3. Namangan-172.
4. Fergana-161.
5. Tashkent qalası-2-155.
6. Samarqand-148.
7. Andijan-144.
8. Xorezm-130.
9. Tashkent qalası-3-101,5.
10. Tashkent oblastı-101,5.
11. Qaraqalpaqstan Respublikası-98.
12. Qashqada'rya-91.
13. Surxanda'rya-91.
14. Nawayı-88.
15. Jizzax-88.
16. Sırda'rya-27.

***Esletpe:** **Tashkent qalası-1-topar futbolda 2-orındı iyelep, qalg'an barlıq tu'rlarda 1-orındı iyelegen.***

Buxara futbolshıları universiada chempionı boldı. Andijan voleybolshı qızları komandası da universiyada jen'impazı boldı.

2004-jılda Samarqandta talabalardın' u'shinshi universiadası da u'lken bayram sıpatında o'tkerildi. Bul jarıslar aldıng'ı universiadag'a kemshilik ha'm qa'telerge shek qoyıwdın' u'lgisi sıpatında o'tkerildi.

Atap o'tiw kerek, talabalardın' universiadalarına tayarlıq barıslarında tiykarg'ı xızmetti «Talaba» sport klubının' ken'esi ag'zaları ha'm basshıları ha'm de olarg'a u'zliksiz trenerlik wazıypasın orınlawshılar, dene ta'rbiyası kafedralarının' oqıtıwshıları u'lken xızmet atqarmaqta. Sonı da atap o'tiw kerek, miynetkeshler, awıl jasları, ma'halle jasaytug'ın orınlarda da zamanago'y sport tu'rleri ha'm milliy xalıq oyınları boyınsha ha'r tu'rli sport jarısları sho'lkemlestirilmekte.

«G'a'rezsizlik ku'ni», «Zu'ra'a't bayramı» ha'm ha'r tu'rli ullı sa'nelerge bag'ıshlanıp o'tkerilip atırg'an bag'darlama boyınsha bayramlar, ma'deniy jıyınlarda gu'res, boks, qol gu'resi, tas ko'teriw, shıg'ıs jeke gu'resi ha'm basqa da milliy xalıq oyınları, a'sirese, (ko'kpar), ılaq oyın, jarıs, da'rwaz sıyaqlı tamashago'ylerdi qızıqtırıwshı oyınlar da ko'rsetilmekte. Olardın' tiykarg'ı maqseti dene ta'rbiya ha'm sporttı jetilistiriw jolı menen xalıq salamatlıg'ın jaqsılaw, oqıwshı jaslardın' ruwxıy ha'm fizikalıq jetiskenligine qaratılg'an. Bul bolsa salamat awlad bag'darlamasının' baslang'ısh ko'rinisi bolıp esaplanadı.

Atap o'tiw kerek, xalıq arasında dene ta'rbiyası ha'm sporttı ken' en jaydırıw, oqıwshı jaslardın' fizikalıq jaqtan jetik bolıp o'siwi, talantlı ha'm uqıplı sportshılardın' ta'jiriybelerin asırıw jolında Xalıq bilimlendiriwi ha'm joqarı bilimlendiriw ministrlikleri, Respublikalıq ma'deniyat ha'm sport isleri ministrligi «Dinamo», «Jaslıq», «Talaba» ka'siplik birlespeleri sport ja'miyeti («O'zbekstan») «Vatanparvar» sport birlespeleri ha'm «Kamolot» jaslar ja'miyetlik ha'reketi, «Ekosan», «Ma'halle», «Nawrız», «Sog'lom a'wlad ushın» sıyaqlı onlag'an ja'miyetlik birlespeler, qa'wenderleri u'lken xızmet atqarıp kelmekte.

Keshelerdi sho'lkemlestiriw ha'm na'tiyjeli o'tkeriwde sport tu'rleri boyınsha respublikalıq ha'm de wılayatlardag'ı sport federatsiyaları, to'reshilik ken'esleri, sport klubları, dene ma'deniyatı birlespeleri ken'esleri, olardag'ı qa'nige ha'm ja'miyetshilik kadrlardın' xızmetleri sheksiz.



## 1.3. KADRLAR TAYARLAW MİLLİY DA'STU'RLERİ JO'NELİSİNDE DENE TA'RBİYASI HA'M SPORTI

Respublikamız g'a'rezsizliginin' barlıq tarawları sıyaqlı dene ma'deniyatı ha'reketinin' ko'plegen tarmaqları dene ta'rbiyası ha'm sport tarawlarındag'ı qa'nige kadrlardı tayarlaw, olardın' jumıs ta'jiriybelerin da'wir talaplarına say ta'rizde alıp barıwdı talap etpekte.

O'zbekstanda kadrlar tayarlaw milliy bag'darlaması (1997) ha'm onın' tarawları ha'm de tarawlar boyınsha kadrlar tayarlaw islerinde dene ta'rbiyası ha'm sport tarawının' da o'zine say o'zgeshelikleri ha'm qa'siyetleri bar.

O'zbekstan ma'mleketlik dene ta'rbiyası institutı (O'zMDTİ), wa'layatındag'ı joqarı oqıw orınlarının' 16 dene ta'rbiya fakulteti, pedagogikalıq ka'sip-o'ner kolledjlerindegi dene ta'rbiyası bo'limleri, ha'r bir wa'layat orayı qasınan (1999-2001-jj) sho'lkemlestirilgen Olimpia rezervlerin tayarlaw ka'sip-o'ner kolledjleri, joqarı ha'm orta mag'lıwmatlı dene ta'rbiyası qa'nigelerin tayarlap kelmekte. Sonday-aq, A.Avloniy atındag'ı Respublikalıq oqıtıwshılar bilim ha'm ta'jiriybesin asırıw Oraylıq institutının' dene ta'rbiyası kafedrası, oblastlardag'ı xalıq bilimlendiriw basqarmaları quramındag'ı ta'jiriybe asırıw institutlarının' dene ta'rbiya kafedraları O'zMDTİ qasındag'ı ta'jiriybe asırıw fakulteti, ma'deniyat ha'm sport isleri ministrligi ha'm respublikalıq birlesken sho'lkemler sport ja'miyetleri oraylıq ken'esi qasındag'ı ta'jiriybe asırıw ha'm basqalar dene ma'deniyatı ha'reketi quramındag'ı barlıq qa'nigelerdin' ta'jiriybelerin asırıwda u'lken xızmet ko'rsetpekte.

*Kadrlar tayarlaw milliy bag'darlamasının' dene ta'rbiyası ha'm sport tarawındag'ı jo'nelislerde to'mendegi tarawlar boyınsha qa'nigelik jumısları ko'rilmekte, yag'nıy:*

1. Ulıwma orta bilim beriw mektepleri, ka'sip-o'ner kolledjleri, litsey ha'm joqarı oqıw jurtlarındag'ı dene ta'rbiyası oqıtıwshıları.

2. Barlıq tu'rdegi ha'm basqıshtag'ı sport mektepleri, sport tu'rleri boyınsha quramalı komandalar qala ha'm rayon, wa'layat ha'm respublika ko'lemindegi trenerler.

3. Sport birlespeleri ha'm sport ja'miyetlerindegi (qala ha'm rayon, oblast ha'm respublika boyınsha) basshı ha'm de arnawlı qa'nigeler.

4. İslep shıg'arıw ka'rxanaları, xalıq jasaytug'ın orınlar, xojalıqlar ha'm bilimlendiriw jurtlarındag'ı sport klublarının' basshıları ha'm trenerler, metodistleri ha'm t.b.

Salamat a'wlad bag'darlaması, Kadrlar tayarlaw milliy bag'darlaması, analıqtı ha'm balalıqtı qorg'awdag'ı ra'smiy ko'rsetpeler, nızamlar tiykarında ta'rbiya ha'm meditsinalıq

ma'kemelerde dene ta'rbiyası boyınsha metodist, ma'hallelerde dene ta'rbiyası ha'm milliy xalıq oyınların sho'lkemlestiriwshi ka'rxanalar, birlespeler, hayal-qızlar menen u'zliksiz shug'ıllanıwshı dene ta'rbiyası qa'nigelerine talap ku'sheymekte. Bul tarawlar boyınsha wa'layatlardag'ı dene ta'rbiyası fakultetleri, bo'limleri, Olimpiya orınbasarları, ka'sip-o'ner kolledjlerinde arnawlı kadrlardı tayarlawdı jolg'a qoyıw kerek. Sonın' menen birge bolajaq dene ta'rbiyası oqıtıwshıları ha'm sport tu'rleri boyınsha trenerler ha'm xalıqtı salamatlastırıwshı, dene ta'rbiyası ha'm sport, milliy xalıq oyınları ha'm sayaxatlar boyınsha za'ru'r ilimiy bilim ha'm de a'meliy ta'jiriybelerdi ju'zege keltiriwdi ja'ne de teren'lestiriw kerek boladı.

Ba'rshemizge ma'lim, qa'nigeli kadrlar esabınan ha'm sport ıqlasbentlerinen sport tu'rleri boyınsha to'reshiler, ja'miyetlik trenerler-metodistlerdi de tayarlawdı zaman talap etip atır. Sonlıqtan da, qala ha'm rayon sport birlespeleri usı toparlarda, ja'miyetlik birge islesiwdi ko'beytiw, olardın' a'meliy jumıslarına jaqınnan ja'rdem beriwi, miynetlerine jarasa o'z waqtında xoshametlew, ha'm marapatlaw jumısların jaqsı jolg'a qoyıwı kerek.

Kadrlar tayarlawda O'zMDTİ u'lken jumıslar alıp barmaqta. 20 dan artıq kafedralarda 10 nan artıq ilim doktorları, professorlar, 100 ge jaqın ilim kandidatları, dotsentler, onlag'an xızmet ko'rsetken sport trenerlerinin' atları ma'mleketimizde belgili bolıp hu'rmet penen tilge alınadı. *Olardan:* R.S. Salomov, T.T. Yunusov. R.D. Xalmuxammedov (boks) A.Rasulov, G.Arzumanov (jen'il atletika), G.B. Abdurasulova (qılıshbazlıq), O.O.Polatov (valeybol), Z.X. Gafurova (pedagogika ha'm psixologiya), Sh.İsroilov (dene ta'rbiya a'meliyatı), O.R. Toymuratov (gu'res sportı), U.R. Niyazbekov (gimnastika) ha'm t.b ko'rsetiw mu'mkin.

O'zMDTİ 1955-jılda sho'lkemlestirilip, o'tken da'wir ishinde 20 mın'g'a jaqın joqarı mag'lıwmatlı kadrlardı tayarladı. Olar arasında Aziya, Evropa ha'm ja'han chempionatları, Olimpiya oyınları jen'impazları, talantlı alımlar, sport sho'lkemlerinin' basshıları jetisip shıqtı. 2005-jıl 17-20-noyabrde institutın' 50 jıllıq yubileyi ha'm xalıq aralıq ilimiy anjuman u'lken ko'terin'kilik penen o'tkerildi.

Oblastlardag'ı dene ta'rbiya fakul'tetlerinde uzaq jıllardan berli miynet islep kiyatırg'an ko'rnekli alımlar J.E. Eshnazarov, H.T. Rafiyev (SamMU), H.A. Batirov, A.Q.Ataev (BuxMU), Sh.Xonkeldiev A.A. Abdullaev (FerMU), J.T. Toshpolatov, O'. İbroximov (TerMU), T.X. Xoldorov, H.A. Meiev, B.Buribaev, (JizMPİ), K.M. Mahkamjonov, N.N.Malinina (Nizamiy atındag'ı TashMPU) jas alım B.Boyboboev (NamMU) ha'm t.b tilge alınadı.



Qa'nige kadrlardı tayarlawda Samarqand ma'mleketlik universiteti dene ta'rbiyası fakultetinin' de xızmeti u'lken. Onda ataqlı trenerler, ta'jiriybeli oqıtıwshılar, miynet islemekte. SamMU talabalarının' salamatlastırıw sport orayları Omonqo'ton tawlı-tog'ay xojalıg'ında jaylasqan. Ha'r jılı bul dem alıw ornının' spartakiadası bolıp o'tedi.

Respublika ma'deniyat ha'm sport isleri ministrliginin' 2001-jıl basındag'ı esabatında ko'rsetiliwinshe, 1991-jılda 29134 dene ma'deniyatı ha'm sport tarawındag'ı kadrlar bar bolsa, 10 jıllıqtın' aqırında ol 34952 ge jetken. Bulardan 21557 mekteplerdin' dene ta'rbiyası mug'allimleri, 1023 ka'sip-o'ner kolledjleri, 932 orta arnawlı bilimlendiriwdin' dene ta'rbiyası oqıtıwshıları bolıp esaplanadı. Joqarı oqıw orınlarında 877 dene ta'rbiyası oqıtıwshıları jumıs alıp barg'an. Barlıq tarawlardag'ı trenerlerdin' sanı 6353, sport sho'lkemlerinin' basshıları, juwapker xızmetkerler ha'm basqa da tarawlardag'ı kadrlar bolsa 4210 adamdı qurag'an. Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde 11983 joqarı mag'lıwmatlı oqıtıwshılar ta'lim berip kelmekte. Ka'sip-o'ner kolledjlerinde - 1624, joqarı bilim jurtları - 874, trenerler - 3413, basqa tarawlarda bolsa joqarı mag'lıwmatlı qa'nigeler sanı 2300 den asadı.

Atap o'tiw kerek, xalıq xojalıg'ının' barlıq tarawları ushın ta'jiriybeli kadrlar tayarlawda dene ta'rbiyası ha'm sporttın' o'zine say o'zgeshelikleri bar. Olar tiykarınan dene ta'rbiyası sabaqları, sport tu'rleri boyınsha o'tkerilip atırg'an shınıg'ıwlar, ha'r tu'rli sport jarıslarının' mazmununda o'z ko'rinisin tawıp kelmekte.

O'zbekstan Respublikası Prezidenti İslam Karimovtın' sport tarawındag'ı pa'rmanları ha'm de O'zbekstan Respublikası Ministrler Ken'esinin' usı jo'nelistegi bir qatar qararları, xalıq bilimlendiriwi ha'm joqarı bilim beriw sistemasında dene ta'rbiyası ha'm sporttı ja'ne de en jaydırıwg'a shaqırılmaqta. Sonlıqtan da, joqarı ha'm orta arnawlı bilimlendiriw Ministrligi sistemasında dene ta'rbiyası ha'm sporttı rawajlandırıwdın' 1999-2005-jılg'a mo'lsherlengen bag'darlaması islep shıg'ılıp, ol a'melde o'z na'tiyjesin ko'rsetip atır.

## 1.4. MA'MLEKETLİK TA'LİM STANDARTLARI NEGİZİNDE DENE TA'RBİYASI HA'M SPORT

O'zbekstan Respublikasının' «Ta'lim haqqında»g'ı nızamı (1997), «Kadrlar tayarlaw milliy bag'darlaması», «Salamat a'wlad» ma'mleketlik bag'darlaması tiykarında «Ulıwma ta'lim ma'mleketlik ta'lim standartları» (u'lgileri 1999-j) a'melge asırılmaqta. Bunda u'zliksiz bilim beriw jumısın ta'miyinlew ha'm oqıtıw, ta'lim-ta'rbiya beriw, ka'sip-o'nerge u'yretiwdi ha'm joqarı bilimlendiriw sisteması menen baylanıstırıw belgilep berildi. Onın'

negizinde barlıq pa'nler sıyaqlı «Dene ta'rbiyası» pa'ni de bar. Ma'mleketlik ta'lim standartları tiykarında ulıwma bilimlendiriw mektepleri, ka'sip-o'ner kolledjleri, littseyler ha'm joqarı oqıw orınlarında dene ta'rbiyasına ayrıqsha oqıw saatları ajıratılıp, bunda oqıwshı jaslar ha'm talabalardın' fizikalıq jaqtan rawajlanıwın ha'r ta'repleme jetiskenlikke erisiwi ushın ma'mleket jolı menen sabaq o'tiwde ko'zde tutqan.

1999-jıl pedagogika ilimlerinin' doktorı T.S. Usmanxojaev basshılıg'ında ulıwma bilimlendiriw mektepleri ushın «Dene ta'rbiyası» bag'darlaması islep shıg'ıldı ha'm ol a'melde qollanılmaqta. Bag'darlamanın' mazmunında klasslar, oqıwshılardın' jası, jinsi ha'm fizikalıq jaqtan tayarlıqların esapqa alg'an halda gimnastika, jen'il atletika, sport ha'm ha'reketli oyınlar, ju'ziw, gu'res, milliy ayaq oyınlar ha'm basqa da shınıg'ıwlar o'z ko'rinisin tapqan. Biraq. bul shınıg'ıwlar ha'm olardı sho'lkemlestiriw jolları respublikanın' barlıq orınlarında birdey a'melge asırılıwı mu'mkin emes edi. Sebebi, sport kompleksler, za'ru'r u'skeneler ha'm buyımlar barlıq jerlerde de jeterli da'rejede emes edi. Bag'darlamada milliy oyınlar ha'm ayrım tu'rlerge itibar qaratılg'an bolsa da, olar oqıwshı jaslardın', awıllardag'ı talap ha'm qızıg'ıwshılardı tolıq qanaatlandıra almadı.

Bag'darlamanı qayta tayarlaw ha'm onda «Alpamıs» ha'm «Barshınay» arnawlı talaplardag'ı tu'rlerinin' normaların esapqa alıw kerek. Sebebi, onda oqıtıw, sayaxat ha'm ju'ziw tu'rleri ayrıqsha orıng'a iye bolıp, jaslardı miynet, ka'sip-o'ner ha'm ja'miyetlik jumıslarg'a tayarlaw wazıypaları da ju'kletilgen.

Atap o'tiw kerek, «Dene ta'rbiyası» pa'ni boyınsha ko'plegen sabaqlıqlar tayarlang'an. Sabaqlıqlardı ja'ne de jetilistiriw talap etiledi. Bul bolsa oqıwshılardın' o'zlestiriwi, erkin tayarlanıwına u'lken ja'rdem beredi.

Ma'lim bolg'anınday, 2000-jıldan berli barlıq ka'sip-o'ner, orta arnawlı bilim orınları, ka'sip-o'ner kolledjlerine aylandırıldı. Ko'plegen tarawlar boyınsha jan'adan litseyler ashılmaqta. Bul da o'z gezeginde barlıq pa'nler sıyaqlı dene ta'rbiyası pa'ninde oqıtıw, u'yretiw ha'm fizikalıq rawajlanıwdı a'melge asırıwdı jan'asha usıllardan ken'nen paydalanıwdı talap etpekte. Olar ushın oraylasqan halda jan'a bag'darlamalar tolıq islep shıg'arılmaqta. Joqarı ta'jiriybege iye bolg'an ha'm jaqsı islewge u'yrengen oqıtıwshılar g'ana o'z is bag'darlamalarına jan'alıqlardı kirgizip, sabaqlardı o'tip kelmekte. Olardın' jumıs barısında futbol, o'zbek gu'resi ha'm shıg'ıs jeke gu'reslerinen na'tiyjeli paydalanıw jaqsı jolg'a qoyılmaqta.

Joqarı ta'jiriybege su'yengen halda ko'pshilik universitetler ha'm institutlarda dene ta'rbiyası sabaqları talabalardın' talap ha'm qızıg'ıwına qarap futbol, voleybol, basketbol,



gu'res, jen'il atletika sıyaqlı tu'rlerinen ko'birek paydalanılmaqta. A'sbap-u'skenelerdin' jetispewshiliginen, qa'nigelerdin' kemliginen ha'm basqa da sebepler menen, gimnastika, akrobatika, ko'rkem gimnastika, ju'ziw, milliy oyınlardın' bir qansha izde qalıp kiyatırg'anlıg'ı ha'm bu'gingi ku'nge kelip, bul tarawlarg'a itibar berilip atırg'anlıg'ın ayrıqsha atap o'tiw kerek.

Joqarı bilimlendiriw ministrligi qasındag'ı «Bilimlendiriw orayı» ında dene ta'rbiyası shınıg'ıwları, olardı sabaqlıq ha'm oqıw qollanbaları menen ta'miyinlew jumısların jaqsılaw talap etiledi.

## «ALPAMIS» HA'M «BARSHINAY» ARNAWLI TESTLERİ

O'tken baplarda «ken'es awqamı» da'wirinde «Miynet ha'm qorg'anıwg'a tayarman» dene ma'deniyatı kompleksi ha'm onın' ta'rbiyalıq a'hmiyeti tuwralı mag'lıwmatlar berildi. Atap o'tilgenindey, komplekslerdin' tu'rleri talap standartlarına sa'ykeslendirilip qollanılıp kelmekte.

G'a'rezsizlik ideyası ha'm milliy o'zgesheligimiz jolların, miynet, ka'sip-o'ner ha'm ja'miyetlik jumıslarg'a tayarlanıwdın' izbe-iz sistemasına iye bolg'an sebepler, usıllardı islep shıg'ıw, olardı a'meliyatta sınap ko'riw ha'm de en' joqarı ha'm jaqsı ta'jiriybelerdi turmısta qollanıw talap etildi. Bul tiykarınan O'zbekstan Respublikası Ministrler Ken'esinin' «O'zbekstanda dene ta'rbiyası ha'm sporttı ja'ne de rawajlandırıw ilajları haqqında»g'ı qararı, salamat a'wlad ma'mleketlik bag'darlaması ha'm basqa da bir qatar ra'smiy hu'jjetlerde o'z ko'rinisin tapqan.

O'zbekstannın' ullı keleshegin jaqsı ko'z-qarasta sa'wlelendirgen, xalıqtın' barlıq talaplarına, salamatlıg'ın bekkemlew, oqıwshı jaslardın' fizikalıq jaqtan jetilisiwin ta'miyinlewge dene shınıg'ıwlarının' abzallıqları, ilimiy-metodikalıq, ha'm a'meliy jaqtan tolıq ko'z-qarasqa iye bolg'an bir qatar qa'nige alımlar, oqıtıwshılar ha'm metodistler «Alpamıs», «Barshınay» arnawlı testler toplamın islep shıqtı (1999). 2000-jıl 1-marttan baslap onın' a'melge asırıwg'a ja'rdemshi ma'mleketlik ha'm ja'miyetlik sho'lkemler arnawlı nızam qabıl etti.

Arnawlı testtin' tu'rleri ha'm talap da'rejesi bu'gingi ku'n talaplarına tolıq juwap beredi. Tek g'ana 6 jastan 60 jasqa shekemgi adamlardın' jası, jınısı ha'm fizikalıq jaqtan o'siw organlarına (anatomiya, fiziologiya) qarap ju'da' ko'p toparg'a bo'lip jiberilgen. Bul bir ta'repten derlik tuwrı dep esaplansa, ekinshi ta'repten bolsa olardı a'melge asırıw hu'jjetlestiriw jumıslarında artıqsha miynet, waqıt talap etiledi. Arnawlı testler tiykarınan

u'sh basqıshqa *yag'nıy:* 1-basqısh-6-17 jas, II basqısh 18-34 jas ha'm III basqısh 35-60 jasqa mo'lsherlengen. Olardın' tu'rleri ha'm talap da'rejesi arnawlı qollanbalarda o'z ko'rinisin tapqanlıg'ı ushın bul jerde olarg'a tolıq toqtalıp o'tiwdin' keregi joq. Biraq ayırım ta'replerin esapqa alıw keyingi qayta islew ha'm baspadan shıg'arıw jumıslarında olardı itibarg'a alıwg'a tuwrı keledi.

1. «Alpamıs» ha'm «Barshınay» belgili at bolsa da, «Alpamıs» da'stanında na'zerde tutılg'an gu'res, at shabıs oyınları xalıq arasında ken' qollanılıp barmaqta. Derlik barlıq adamlar bunday sport tu'rleri menen shug'ıllanıw, belgilengen talaplar ha'm normalardı qızıg'ıp orınlawına guman joq. Awıl sha'rayatlarında at shabıs jarısı basqa da at oyınların orınlaw imkaniyatları joq emes. Gu'res bolsa turaqlı sho'lkemlestirilmekte. A'ne, usı ta'replerin itibarg'a alg'an halda arnawlı testler quramına bul eki sport tu'rin kirgiziw maqsetke muwapıq keledi.

2. Kalibrli yamasa pnevmatikalıq oq atıw «Oq jaydan oq atıw» dep qaralatug'ın bolsa («Alpamıs bir oyını») og'an jarasa sharayatlar jaratıw kerek boladı. Biraq, sotsial-ekonomikalıq jaqları esapqa alınsa, oq atıw tu'rleri ha'm qurallar ju'da' qımbatqa tu'sedi. Onın' ornına a'piwayı tal ha'm basqa da tereklerdin' jin'ishke shaqalarınan (tereklerdi ja'ne de ko'beytiw sha'rti menen. Bul u'lken mashqala emes) a'piwayı oq jay islenip, qa'wipsizlikti ta'miyinlep, jarıslardı sho'lkemlestiriw qolaylı ha'm arzan tu'sedi.

3. Sayaxatlar ha'm seyiller ju'da' orınlı kirgizilgen. Bunın' o'zgeshelikleri sonda, oqıwshı jaslardı ta'biyat qoynına alıp shıg'ıw menen olardı shınıqtırıw (piyada ju'rgiziw menen) ha'm ta'biyattı u'yreniw, topografiyalıq bilimlerdi ken'eyttiriw a'melge asırıladı. Bul o'z gezeginde a'skeriy shaqırıw jasındag'ılar ha'm ulıwma ha'r bir insan ushın za'ru'r keshelerden bolıp esaplanadı.

O'zbekstannın' shegaraları tiykarınan tawlı ha'm ashıq saxralar menen qorshalg'an sebepli a'skeriy xızmettegilerdi usı tarawg'a ta'rbiyalawdı ko'zde tutadı. Bunda sayaxatlar arqalı alınatug'ın metodikalıq bilimler ha'm a'meliy ko'nlikpelerdi jaratıw imkaniyatı u'lken.

Sayaxatlardı awıllıq jerlerde sho'lkemlestiriw mashqalaları onsha qıyın emes. Qala sha'rayatlarında sayaxatlardı, poligonlar, dem alıw baqları, ashıqlıq maydanlarda o'tkeriw mu'mkin. Bunda tek g'ana jarıslardı anıq belgilew ha'm tolıq imkaniyat da'rejesinde kishkene do'ngelekli arbashalardan (rolik) na'tiyjeli paydalanıw mu'mkin.



4. Suwda ju'ziw jarısların o'tkeriw mashqalası da joq emes. Tek jaz aylarında oqıwshı ha'm miynetkeshler ushın arnawlı jarıslar («Shınıg'ıw» salamatlıq uzaq o'mir sebepshisi) arqalı wazıypalardı orınlaw kerek.

## 1.5. MİLLİY XALIQ OYINLARI - MİLLİY QA'DİRİYATLARIMIZDIN' NISHANI

***Milliy xalıq oyınları*** - milliy qa'diriyatlar quramındag'ı xalıqtın' en' su'yikli ha'm birgelikli ma'deniy keshelerden biri. «Nawrız», hayt, toylar ha'm ha'r tu'rli kesheler, u'rp-a'detler a'zelden gu'ressiz, ılaq oyınlarısız, at jarıslarısız ha'm basqa da ko'plegen milliy oyınlarısız o'tpegen. Bunday kesheler xalıq awızeki do'retpelerinin' barlıq tu'rlerinde, da'stanlarda ayqın ko'rsetip o'tilgen. Olar ullı allamalar Abu Ali ibn Sina, Alisher Nawayı, Mirza Babur ha'm onnan keyingi o'tken a'debiyatshılar, shayırlardın' shıg'a'rmalarında qızıqlı ha'm de tolıq bayan etilgen.

Jaqın o'tmishimizde, a'sirese, g'a'rezsizlik jılları da'wirinde milliy xalıq oyınların u'yreniw ha'm olardı qayta tiklew menen ta'rbiyalawda olardan na'tiyjeli paydalanıw a'melge asırıldı. M.Muradov, U.Qarabaev. T.Usmanxojaev, T.Toshpolatov, R.Abdumalikov. F.N.Nasiriddinovlardın' xızmetleri u'lken boldı.

Xalıq milliy oyınları bir neshe jo'nelislerge iye bolıp, olardın' quramında ayaq oyınlar, aytısıwlar, askiyalar ha'm ju'da' ko'plegen tu'rdegi oyınlar bar. Sonday-aq olardın' qatarında ata-babalarımızdan miyras bolıp kiyatırg'an bir qatar ha'reketli oyınlar ha'm sportqa say oyınlar da ju'da' ko'p. *Olardı to'mendegi tiykarg'ı toparlarg'a ajıratıw mu'mkin.*

1. Gu'resshiler (Buxarag'a, Ferganag'a, Xorezmge ha'm t.b).
2. At oyınları (ılaq (ko'kpar) at jarıs, qız quwmaq, attan awdarıw (shovg'on) ha'm t.b).
3. Da'rwaz (Arqan u'stindegi shınıg'ıwlar, ha'zil aytısıwlar).
4. Tas ko'teriw.
5. Arqan tartısıw.
6. Bilek ku'shin sınaw.
7. Ha'reketli oyınlar (qulaq sozıw, eshek mindi, jelkeden gu'res, qorazlar urısı, shu'llik, pada top, qasharman ha'm t.b).

Bunday oyınlardın' derlik ba'rshesi ha'zirgi waqıttag'ı xalıqlıq bayramlar, jarıslar ha'm toylarda ken' qollanılmaqta. Olardın' mazmunı xalıqqa belgili. Sonday-aq, olar ko'plegen oqıw metodikalıq qollanbalar, monogorafiyalar, ilimiy kitapshalarg'ada kirgizilgen.

Bazı bir ta'rbiyalıq a'hmiyetke iye bolg'an ha'reketli oyınlar ulıwma orta bilim beriw mekteplerinin' «Dene ta'rbiyası» bag'darlamasına da kirgizilip, olar oqıwshı jaslar arasında birgelikli tu'rde u'yrenilmekte. Qala berse T.S.Usmanxodjaev, F.Xojiev ha'm basqa da bir qatar jazıwshılar ta'repinen «Ha'reketli oyınlar» (1963-1981), «1001 oyın» (1991) qusag'an toplamlar jaratılg'an.

Samarqand, Buxara, Qashqada'r'ya, Surxanda'r'ya, Jizzax, Namangan, Sirda'r'ya, Tashkent ha'm t.b wa'liyatlardın' tawlı orınları ha'm jan'a tiklengen jerlerinde bolıp atırg'an u'lken toylarda gu'res, ılaq oyın, at jarısı ha'm ha'r tu'rli ha'reketli oyınlar toylarımız ko'rkine ko'rk bag'ıshlap, qut-bereket alıp keliw menen birge, tamashago'ylerdin' alg'ısına sazawar bolmaqta. A'sirese, oqıwshı jaslardın' milliy oyınları, zamanago'y sport tu'rine qızıg'ıwın ja'ne de asırmaqta.

Joqarıda aytıp o'tkenimizdey milliy xalıq oyınların u'yreniw ha'm a'melde qollanıw barısında u'lken kesheler a'melge asırıldı. U.Qarabaev basshılıg'ı menen 1991-jıl 25-aprelde Farish rayonında (Jizzax oblastı) en' birinshi ma'rte milliy xalıq oyınları respublikalıq jarısları sho'lkemlestirildi. Bunda respublika ma'mleketlik sport birlespesi, Jizzax walayatı ha'kimshiligi, Jizzax MPİ topari u'lken xızmet ko'rsetip, sotsial, ekonomikalıq ha'm sho'lkemlestiriw keshelerin a'melge asırdı. Bunday oyınlar ha'r jılı aprel, may aylarında Farishta ja'ne o'tkeriledi. 1994-1996-jılarda o'tkerilgen bul oyınlar «Milliy xalıq oyınları respublika olimpiyadası» atı menen ataladı.

1996-jıl may ayında Farish rayonının' orayı Jan'a awıl jaqınındag'ı Qızılqır seyil maydanında babamız Amir Timurdın' tuwılg'anının' 660 jıllıg'ına bag'ıshlang'an II-wa'layatlarınan respublikalıq xalıq oyınları olimpiadası u'lken ko'terin'kilik penen o'tkerildi. Onda 11 komanda 9 tur ha'm ulıwmalıq esapta jen'isti qolg'a kirgiziw ushın maydang'a tu'sti. Jarıstı mın'lag'an Jizzaxlılar ha'm bir qatar ma'mleketimizdin' basqa oblastlarınan kelgen, sonday-aq AQSh, Norvegiya, Qazaqstannan miymanlar kelip ko'rdi. Olimpiadanın' saltanatlı ashılıw ma'resiminde qatnasıwshılardı O'zbekstan ma'mleketlik dene ta'rbiyası ha'm sport komiteti baslıg'ının' birinshi orınbasarı Shavkat Tolaganov, Jizzax walayatının' ha'kimi orınbasarı Shirin Chilgashiev, rayon ha'kimi Bostanqul Saidqulov qutlıqladı. Son' watanımız gimni jan'lap jarıs bayrag'ı joqarı ko'terildi.

Saltanatlı ashılıw ma'resiminde komandalar maydanda qatarma-qatar bolıp o'tedi.

Oyın bag'darlamasında 1991-1994-jıllardag'ı oyın tu'rleri o'z ornın iyeledi.

*Respublika olimpiadasında birinshilerden komandalar aqırg'ı tu'r aldınan to'mendegi upaylardı toplag'an:* Jizzax-157, Surxanda'r'ya-103, Qashqada'r'ya-87, Samarqand -80, Ferg'ana-68 upay. Ko'rinip turg'anınday, jen'impaz komandalar mu'ddetinen aldın belgili edi.



Jizzaxtın' abırayın qorg'ag'an Forish komandası oblast birinshiligindegi shabandoz tu'rinde 9-orındı iyeledi. Respublikalıq olimpiada da bolsa olar qarsılasların u'lken esapta jen'iske erisip shıqtı. Final ushırasıwında olar Samarqandlılardı u'lken esapta (7:0) jen'iske eristi.

Jarıs dawamında turlar boyınsha 1-3-orınlardı iyelegen komandalarg'a O'zbekstan ma'mleketlik dene ta'rbiyası ha'm sport komitetinin' diplomları ha'm sulıw etip islengen altın, gu'mis, bronza medalları u'lken ko'terin'kilik ruwxta tapsırıldı. Olimpiada son'ında jen'impaz komandalardın' ha'r bir ag'zasına komitetimizdin' qımbat bahalı sawg'aları tapsırıldı.

Respublika hu'kimetinin' razılıg'ına ha'm sport komitetlerinin' talapları menen Alpamıs oyınları olimpiadasın ha'r eki jılda o'tkeriw kelisip alındı.

«Alpamıs» da'stanının' jarıtılg'anına 1000 jıl tolıwına bag'ıshlanıp, Termizde («Alpamıs watanı») milliy xalıq oyınları, «Alpamıs oyınları respublikalıq festivalı» o'tkerildi. 2000-jıldag'ı oyınlar Ferg'ana qalasında sho'lkemlestirildi. U'shinshi festival bolsa, Gu'listan qalasında 2002-jılı iyul ayında o'tkerildi.

Milliy xalıq oyınları respublikalıq jarısları (1991-1996) ha'm «Alpamıs» oyınları respublikalıq festivalları (1998) bag'darlamalarında gu'res, at jarısı, ılaq oyını «Boran», arqan tartısıw, bilek ku'shin sınasıw, «Mindi», qırıq tası (qızlar oyını) ha'm basqa da ha'reketli oyınlar bar edi. Oyınlardın' ha'm festivallardın' ashılıwı ha'm juwmaqlanıwında aymaqlıq ha'wesker qosıqshılar, respublikanın' ataqlı qosıqshıları, shayırlar, ma'deniyat xızmetkerleri, tu'rli tarawlardag'ı jazıwshılar qatnasıp, ol u'lken bayram ta'rizinde o'tkerildi. Bunday kesheler boyınsha teleradio kompaniyası ha'm «O'zbektelefil'm» do'retiwshileri ta'repinen arnawlı video ha'm kinofilmler islep shıg'arıldı. 1998-jıl (Termiz) ha'm 2000-jıl (Ferg'ana) da o'tkerilgen festivallar televidenie arqalı alıp ko'rsetildi. Video kassetag'a jazıp alınıp, bir neshe bayramlar ha'm oyınlar, milliy qa'diriyatlarımızdın' qanshelli bay ha'm ta'rbiyalıq jaqtan joqarı da'rejedegi ta'replerin ko'rsetiw menen ba'rshege unag'anlıg'ı ayqın ko'rinip tur.

Milliy qa'diriyatlarımızdı qayta tiklew jolında O'zbekstan Prezidentinin' «Manaviyat ha'm Marifat» ja'miyetshilik orayı du'ziwge qaratılg'an pa'rmanı (1993-jıl) ha'm respublika hu'kimetinin' bul tarawdag'ı arnawlı qararları (1993-1995) negizinde

«Hayallar jılı» (1999-jıl), «Sag'lam a'wlad jılı» (2000-jıl), «Analar ha'm balalar jılı», (2001-jıl), «Qa'riyalardı qa'dirlew jılı» (2002-jıl) dep ataldı.

Ba'rshege ma'lim, turmıs ha'm ma'deniy o'mirimizde hayallardın' ornı u'lken a'hmiyetke iye. A'yyemgi ata-babalarımız ma'deniyatın eslew, o'tken ullı babalarımız ruwxın shad etiw maqsetinde 1999-jıl Jizzaxta hayallar jılına bag'ıshlanıp «Tumaris oyınları respublikalıq festivalı» sho'lkemlestirildi. Bul keshe ju'da' ko'terin'kilik ruwxta o'tkerilip bayram tu'sine aylandı. Respublikanın' barlıq oblastlarınan hayal-qızlar komandaları jıynalıp, gimnastika, jen'il atletika, jarısların o'tkerdi. Bunday festival ja'ne de 2001-jıl Shaxrisabzda (Qashqada'r'ya wa'layatı) sho'lkemlestirildi.

Atap o'tiw kerek, milliy xalıq oyınları (Jizzax, Termiz, 1992-jıl), «Alpamıs oyınları» respublikalıq festivalları (1998-2000-2002), «Tumaris oyınları respublikalıq festivalları» (1999-2001-2003) bag'ıshlanıp respublikalıq ilimiy a'meliy anjumanları da o'tkerildi. Olarda xalıq milliy oyınlarının' mazmunları sa'wlelendirdi. Sonday-aq, milliy qa'diriyatlar negizinde milliy xalıq oyınlarının' ornı, olardın' ta'rbiyalıq a'hmiyetlerine qaratılg'an ju'da' ko'plegen mag'lıwmailar toplandı. Olardın' qısqasha mazmunları, anjumannın' ilimiy toplamlarına kirgizildi.

Sog'an qaramastan, ılaq oyını, at jarısı ha'm basqa da oyınlardı jaslarg'a u'yretiw ma'seleleri bir qansha izde qalmaqta. Awıl jasları arasındag'ı at sportı klubları sho'lkemlestirilip, mektep jasınan baslap at oyınlarına u'yretiw isleri jolg'a qoyılsa, shaqırıw jasındag'ı jigitlerge bolsa atta orınlanatug'ın a'skeriy fizikalıq shınıg'ıwlar u'yretilse maqsetke muwapıq bolar edi. Atap o'tiw kerek, 2000-jılda islep shıg'ılg'an eki bo'limnen ibarat «Alpamıs» kinofil'mi (rejissor Usmon Azimov) «Alpamıs» ha'm «Barshınay»dın' gu'res, at jarısı, mergenliktegi a'meliy jumısları jaqsı ko'rsetilgen. Bunnan jaslar jaqsı na'tiyje shıg'arıwı tiyis.

Ha'r tu'rli sekiriwler, juwırıwlar ha'm orınlanıwı qıyın bolg'an gimnastika shınıg'ıwları ornına qızlarg'a milliy ha'reketli oyınları sabaqlarda u'yretilip barılsa, olardın' fizikalıq jetilisiwin o'siriwge bolqan za'ru'r keshelerden biri bolar edi.

Sonday-aq, shan'araq ha'm balalar baqshalarında su'yikli ha'reketli oyınlar ha'm shınıg'ıwlar quramında milliy ha'reketli oyınlardan paydalanıw jolg'a qoyılg'an maqul.

Juwmaqlap aytqanda, milliy xalıq oyınları insannin' jetilisiwi ha'm jaslar ta'rbiyasındag'ı kerekli sabaqlardın' biri. Sonlıqtan da, oqıwshı jaslar sanasına milliy xalıq oyınlarının' ta'rbiyalıq ta'replerin teren'nen sin'diriw kerek.



## A'DEBİYaTLAR:


1. Eshnazarov K. Jismoniy tarbiya tarixi va boshqarish. - T., 2008.
2. Hamroqulov A.Q., Yunusov T.T., Shoternikov E.K., Niyozov İ. Olimpia bilimlari asoslari. - Toshkent: Fan, 2006.
3. Akramov A.K., O'zbekstonda jismoniy madaniyat va sport tarixi. - Toshkent, 1999.
4. Bekmuradov J.T, Mirzamurodov J.J, Davletiyarov N.A., O'zbekstonda Jismoniy madaniyat va sportnig taraqqiyoti. - Toshkent, 2006.
5. O'zbekston Respublikasining 1992-yil 14- yanvarda qabul qilingan «Jismoniy tarbiya va sport to'g'risidagi» qonuni. - Toshkent.

## MAZMUNI


So'z bası ........................................................................................ 3

O'zbekstan g'a'rezsizlik da'wirinde dene ta'rbiyasi ha'm sport jetiskenliklerinin' tariyxinan. 4

1.1. O'zbekstan Respublikasının' «Dene ta'rbiyası ha'm sport haqqında»g'ı Nızamı ha'm Respublika hu'kimetinin' qararları ........................................................

1.2. Ko'p basqıshlı birgelikli sport keshelerinin' salamatlastırıwshı ha'm tariyxıy a'hmiyeti ........................................................................................ 17

1.3. Kadrlar tayarlaw milliy bag'darlaması jo'nelisinde dene ta'rbiyası ha'm sportı 23

1.4. Ma'mleketlik ta'lim standartları negizinde dene ta'rbiyası ha'm sport .................. 25

1.5. Milliy xalıq oyınları - milliy qa'diriyatlarımızdın' tımsalı ................................. 29

A'debiyatlar ........................................................................................ 33




*Du'ziwshiler: S. Orazımbetov, S. Esemuratov, P. Mırzambetov*

# G'A'REZSİZLİK DA'WİRINDE DENE TA'RBİYASI HA'M SPORT JETISKENLİKLERİNİN' TARİYXINAN

*(metodikalıq qollanba)*


*Tex.redaktor* U.B. Balımova

*Komp'yuter verstkashı* N.Nısanbaev

**A'jiniyaz atındag'ı NMPI redaktsiya-baspa bo'limi**

**A'jiniyaz atındag'ı NMPI baspaxanasında basılg'an. 2014-j.**

**Buyırtpa № 0045 . Nusqası 100 dana. Formatı 60x84. Ko'lemi 2,3 b.t.**

**230105, No'kis qalası, A.Dosnazarov ko'shesi-104. Reestr № 11-3084.**